

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*

**DEVLOPMAN TOTALKAPITAL  
Pou chak moun  
Pou tout moun nan nèt**

**Vin moun nouvo nan Jezikri**

**Karèm 2020  
Ane A**

## 24yèm ane

Se Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè ki prepare refleksyon sa yo. Nou remèsye tout moun ki bay konkou pa yo pou ede n prepare tèks sa yo : Mme Jocelyne Colas Noel, P. Attilus B. Desca, F. Arsène Ngongue Ndjamba, cism, Mme Marie-Bellany Augustin, P. William Smarth, P. Gasner Joint, omi, Jean-Bernard Marcelin. Kòdinasyon : P. Jan Hanssens, cism. Ak konkou sekretarya nasyonal la.

*Komisyon an kapab pibliye dokiman sa a, gras ak konkou lajan Caritas Westmalle, Eglise en Détresse ak Adveniat. Se Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè sèl ki reskonsab sa ki ekri nan dokiman sa a.*



*Nou pibliye 6.000 kopi nan dokiman an  
Yon kopi separe koute 70 goud*

Dokiman Legliz nou site  
Laudato Si – LS – Lwanj pou Ou, Granmèt  
Populorum Progressio – PP – Sou devlopman pèp yo  
Evangelii Gaudium – EG – Kè kontan Levanjil la  
Caritas in Veritate – CV – Renmen nan Laverite  
Christus Vivit – Kris la Vivan

Desen kouvèti: Cathobel, intènèt  
Devlopman total kapital se tout lavi moun ak tout sosyete a

## Yon ti mo pou louvri tan Karèm 2020 an

Ki sa devlopman total kapital la ye? Ki sa l vle di pou nou menm nan peyi dAyiti ? Nou dwe fini ak lamizè k ap degrade moun. Men gen anpil lòt bagay toujou ki merite chanje. Pou Legliz, devlopman se pa sèlman yon kesyon pou moun genyen pi plis bagay : ayè, mwen te gen yon (1) selilè, jodi a m gen de (2). Devlopman, pou Legliz, se lè moun vin moun, sa vle di: lè l reponn pi byen ak sa vokasyon li genyen kòm moun mande l. Sa mande pou viv nan pi bon relasyon ak tèt li, ak Bondye, ak lòt yo, ak tout kreyasyon Bondye a. Se sa k bay moun kè kontan ak yon santiman kè poze lakay li. « *Pou devlopman an vre, li pa dwe ekonomik sèlman, li dwe total toutbon, li dwe fè chak moun ak tout moun nan avanse.* » (PP, n. 14)

Gen kondisyon pou sa kab fèt. Sitou nan tan n ap viv la, kote kondisyon moun ap viv ladan yo ap chanje. Devlopman total kapital sa a tou, pou l byen fèt, se yon misyon toutan pou chak jenerasyon moun.

Pap Franswa, nan refòm diferan komisyon oswa sèvis k ap travay pou Legliz la, te reyini plizyè nan yo ansanm nan yon sèl, epi li bay yo travay pou « devlopman total kapital pou chak moun ak tout moun nan nèt ». Jistis ak Lapè antre ladan l, ansanm ak lasante, migrasyon, el. Devlopman total kapital moun genyen sa ladan: lapè, jistis, lasante, pou moun gen travay, kay, respè toutbon pou lakreyasyon ak tout sa Bondye mete, pou tout moun kab viv, el.

Men ki jan Legliz la defini devlopman total kapital sa a:

« Sa k plis **pa** alawotè moun : se lè moun manke menm pi piti sa l bezwen pou l viv, epi mankman moral lakay sa k blese ak egoyis. Sa k pi pa kadre ak moun : se chapant yo k ap toupizi moun, se lè moun sèvi mal ak sa yo genyen, poutèt abi pouvwa, paske yo esplwate travayè, oubyen poutèt enjistis nan komès. [Okontrè,] Sa k **pi dakò** ak sa moun ye : se lè moun pa nan lamizè epi li jwenn sa k nesèsè, se laviktwa sou mal sosyal yo, se genyen pi plis konesans, jwenn plis bagaj kiltirèl. Sa k pi dakò ak sa moun ye toujou : se konprann pi plis diyite lòt yo genyen, lespri moun pòv yo, konkou pou sa k bon pou tout moun, ak volonte pou genyen lapè. Sa k pi dakò ak sa moun ye ankò se lè moun rekonèt pi gwo valè yo se relasyon yo

*ak Bondye ki sous ak finalite yo. Sa k pi plis dakò ak sa moun ye finalman se lafwa, kado Bondye yon moun akeyi ak tout bòn volonte l, epi linite nan renmen Kris la ki envite nou tout pou patisipe kòm pitit nan lavi Bondye ki Papa tout moun. »(PP, n. 21).*

Depi Pap Pòl 6 te ekri pawòl pwofetik sa yo, anpil bagay chanje. Moun vin pran konsyans limit resous natirèl yo genyen. Genyen tou koze mondvalizasyon an : pèp yo vin makonnen ansanm pi plis pandan diferans ant rich ak pòv vin pi grav. Konsa, devlopman mande tou : fratènite, solidarite, kominyon, pataj, el. ... Nou fè pati yon kominote ki ranmase tout moun ak tout pèp sou latè. Nou rive konprann : Resous latè genyen yo limite. Konsa tout devlopman ekonomik dwe dirab : fòk li kapab dire nan tan an, anfavè moun k ap vini annapre yo. Konsa, nou pale sou jistis nan mitan jenerasyon yo. Nou dwe gade relasyon ak tout sa k genyen : èske moun pa twò awogan ak egoyis nan mitan lakreyasyon Bondye a ? Anndan tout reyalite sa yo, nou konprann pwòp relasyon n ak Bondye ki Mèt Lavi a pi byen tou.

Pandan tan karèm sa a, se devlopman totalkapital sa a nou vle gade ak je lafwa nou nan Jezikri ki pote Lavi an kantite pou tout moun, e ki envite nou vin moun nouvo nan Li. Pèp nou an merite patisipe nèt ale nan tout koze devlopman an. Men devlopman dwe totalkapital: tout moun dwe ladan l, rich kou pòv, moun andeyò kou moun lavil. Epi devlopman an dwe anbrase tout moun nan nèt, kò l, lespri l, relasyon l yo ak tout kapasite l genyen. Devlopman se yon alevini : nou bay epi nou resevwa, nou resevwa pou bay. Nou pa dwe bliye : nou dwe devlope tou sa n ye kòm moun nan relasyon n tou ak Bondye ki sous Lavi a.

Chak semèn n ap gade fondman devlopman an: diyite chak moun genyen ak sa k bon pou tout moun, paske se li nou bezwen chèche nan sosyete a. Nou gade relasyon n ak tout sa k egziste (ekoloji), relasyon n ak lòt moun nan sosyete a (relasyon politik yo), travay pou moun jwenn dekwa pou viv (relasyon ekonomik yo). Devlopman totalkapital sa a se yon konba li ye. Nou mennen l kòm Legliz, etan n ap swiv Jezi ki te toujou mete diyite pitit Bondye yo anvan tout lòt bagay sou chimen fèt Pak la.

*Ekip CE-JILAP swete n yon bon Karèm 2020*

**Premye dimanch Karèm  
1 mas 2020**

## *Devlòpman totalkapital, se vokasyon n kòm moun*

### *Jezi anba tantasyon*

Jenèz 2, 7-9 ak 3, 1-7 : Bondye soufle yon souf lavi nan twou nen moun nan. Li plante yon jaden, epi li mete moun li te fè a ladan l.  
Women 5, 12-19 : Adan se pòtrè Sila a ki te dwe vini an.  
Matye 4, 1-11 : Lespri a mennen Jezi nan savann dezole a pou djab la seye l.

### *Kèk lide pou litiji a*

Tout moun renmen pale sou devlòpman, sou dwa moun, sou diyite ak valè moun genyen. Men lè n gade sosyete a, se yon kote tout moun pa gen valè kòm sa dwa. Epitou, devlòpman se pou kèk moun .... Men, sou ki devlòpman moun n ap pale? Gen lamizè, gen enjistis, gen krim ak asasinay. Chak jou Bondye mete, yo bafwe diyite moun genyen.

Nan premye dimanch tan karèm nan, nou pran konsyans pwojè Bondye pou nou menm, moun sou tè a, ki chita sou gwo valè ak diyite chak grenn moun genyen nan je l. « Selon pwojè Bondye a, chak moun gen vokasyon pou devlope tèt li, paske chak lavi se yon vokasyon li ye. » (PP, n. 15)

Nou medite pwojè Bondye, ki soufle Limenm yon souf lavi nan twou nen nou (nan twou nen moun nan). Devan feblès nou, Pitit li tounen moun nan mitan n pou mete pwojè sila a pi klè toujou. Ak sa, an n fè fas ak tout tantasyon ki vle fè moun tounen yon bagay, pi ba pase lajan, pouvwa ak nenpòt zidòl nou mete nan plas Bondye.

**Yon senbòl pou premye dimanch tan karèm nan :  
Plizyè rit kapab montre nou kase tèt tounen vin  
jwenn Bondye :**

- **Nou kapab mete sann sou fwon moun yo, tankou nan mèkredi dèsan ;**
- **Nou kapab envit e fidèl yo vin touche Labib la ak men yo ;**
- **Moun yo kapab pwoche fè yon siy lakwa ak dlo ki nan yon kivèt pou sonje batèm yo.**



### ***Konprann Pawòl Bondye a***

- Jezi fin batize, l ap kòmanse preche. Li retire kò l nan dezè a kote l pran tan koute Papa l. Konsa, li konprann sa k ap tann li. Lè djab la parèt devan l, li kapab di NON devan tout sa k antrave pwojè Papa l la, ou byen sa k pa sanble ak li.
- Li di NON devan yon ekonomi k ap touye pòv yo nan jan l mache. An n pran konsyans gwo enfliyans ekonomi an genyen sou lavi nou chak jou : nou gade reklam ki di n sa n dwe genyen ; ekonomi an kreye bezwen, kit nou vle l kit nou pa vle l, kit li bon pou nou, kit li pa itil nou anyen.
  - Li di NON devan yon fason pou konprann lavi politik ak sosyal peyi a, k ap fè pòv yo peye byen chè tout chirepit ki genyen pami sa k chèche pouvwa pou tèt yo.
  - Li di NON devan yon fason pou konprann sans lavi a ak larelijyon an ki pa sa, paske li gen twòp “Bondye bon” ladan l : kòm si se li k ap regle tout bagay, epi moun pa reskonsab anyen.

« Di wòch yo tounen pen, » montre yon pouvwa ekonomik ki pa chita sou travay. « Jete kò ou anba, » sa se pawòl yon pouvwa politik ki chita sou demagoji ak fo pwomès. « Bese tèt devan m, » se siy yon pouvwa relijye ki bliye kilès ki Bondye toutbon vre a.



- Liv Jenèz la ede n konprann sa yon moun ye nan relasyon l ak Bondye Kreyatè a, ak lòt yo, ak tout lakreyasyon an ni ak pwòp tèt li tou. Diyite nou kòm moun sòti nan Bondye li menm. Moun fèt ak pousyè tè ... paske nou fè pati tout kreyasyon Bondye a. Epi, Bondye soufle souf li nan twou nen moun nan... ki vle di, nou fè pati sa Bondye ye. « Bondye kreye n pòtrè ak li ». Epi tou, moun fèt gason ak fi, nou fèt youn pou lòt, nou konplete youn lòt paske nou pa menm. Sa se konsekans diyite n.  
Plis toujou, Bondye plante jaden an epi li mete moun kòm gadyen li. Bondye konfye kreyasyon li nan men moun, kòm siy respè ak reskonsablite. Li fè n konfyans, li ba n libète ak « pouvwa » sou kreyasyon an ak nan relasyon nou tabli ak lòt moun. Pouvwa sa a pa la pou dominen, men li montre n gwo reskonsablite n genyen.
- Adan, premye moun nan ak sa k vin apre l yo, pa t viv alawotè diyite yo, menm jan ak moun jounen jodi a. Diyite moun se yon batay k ap dire. Jezikri se Moun Nouvo a, ki mete tout konpetans, entelijans ak konsyans li pou reyalize pwojè Bondye a. Pwojè Bondye a la depi anvan kreyasyon an fèt, epi tout egziste antre ladan l. Se Jezi ki fè n konprann pwojè sila a nan tout bèlte l ak tout konsekans li yo. Nan leve Jezi leve pami mò yo, pwojè a vanse reyalize nan mitan nou. Jezikri se Moun Nouvo a ki fè n wè ki jan n kapab vin moun nouvo, nou menm tou.

**Ki rezon k lakòz bon jan devlopman pa rive fèt nan peyi d Ayiti? Eske pa gen resous? Eske pa gen moun ki kapab? Oubyen èske se paske moun rich pa sansib pou pòv ... paske sa k gen mwayen pa vle bay pa yo pou sèvi lòt ... paske gen twòp egoyis ... koripsyon ... enpinite ... gonfle lestomak ...**

**Oubyen èske se paske gen twòp abi pouvwa ... pwofite sou do lòt ... moun meprize moun ki pi ba yo ... Paske pa gen jistis, verite, bon sans reskonsablite ... Akote tout lòt kòz ki fè yon chapant ki mal bati pa janm chanje ... ?**

**Devlopman toutbon pa kab fèt si pa gen respè pou moun.**

**Pa gen respè pou moun si pa gen respè pou kilti li ak lang li. Ki respè ki genyen pou kilti ak lang pèp Ayisyen an ... nan sosyete a, nan Leta a, nan Legliz la?**

**Pa gen respè pou moun si pa gen respè pou lavi ak pou kò moun, si yo kapab touye moun ak vyole fi san pa gen okenn sanksyon.**

Konsa, premye dimanch tan karèm nan mete n devan sa k pwojè Bondye a. Chak dimanch n ap medite sou pwojè sa a, pou n kapab vin moun nouvo, reskonsab devan Bondye, youn pou lòt, pou peyi n ak pou tout lakreyasyon an. Se sa k sans fèt Pak la ki devan n. Se sa Jezi fè n wè. Konsa n ap rive konprann sa devlopman total kapital moun vle di. Tout sa yo prezante kòm devlopman, se pa li k fè moun vanse.

*Pou travay ak gwoup, jèn, ak nan lekòl*  
*Kesyon diyite moun*

*Pou refleksyon n*

Diyite moun, ki sa sa vle di ?

*Ki jan nou konprann koze diyite moun nan ?*

*Ki kote nou wè yo bafwe diyite l pi fasil ? Eske gen moun ki pèdi diyite yo?*

*Nan ti refleksyon sa a n ap swiv Kevin Dowling*  
*Ki se yon ko-prezidan nan gwo mouvman pou lapè*  
*Ki rele Pax Christi*

Lè n gade alantou n, nou wè tout vyolans ak vyolasyon dwa moun. Sa vle di : yo pa respekte diyite chak moun genyen kòm sa dwa.

Gade kondisyon moun ki refijye (ki kite peyi yo pou pèsekisyon ak lamizè) ak moun ki nan detansyon ak nan prizon. Gade tout mizè moun ap viv. Gade jan y ap fabrike epi vann zam, ak tout soufrans zam sa yo lakòz. Peyi rich yo ki pwofite komès sa a fèmen je yo, yo refize pran reskonsablite pou lamò ak soufrans lòt moun. Olye yo soulaje mizè moun ki nan ka yo, yo vire tèt yo nan lòt direksyon pou yo pa blije wè yo.

Epoutan, lafwa nou ak konviksyon nou yo ap di n : chak moun gen menm diyite ak valè. Ki sa nou di lè n di sa ? Ki sa nou di lè n di tout moun gen menm diyite ak valè ? Nan listwa gen pakèt egzanp lè yo t ap di : gen epòk kote yo te refize rekonèt si tout moun se moun. Gen moun yo te di yo pa gen valè pou moun yo ye a. Yo pa t rekonèt yo te gen valè pou sa yo ye : moun.

*Deklarasyon Inivèsèl Dwa tout moun genyen di I konsa : Diyite genyen 3 eleman ladan li :*

1. Chak moun genyen menm diyite poutèt sa I ye kòm moun, pyès moun ak okenn enstitisyon pa kapab mete sa sou kote oubyen diminye I.
2. Si diyite moun nan se yon bagay ki mache ak sa yon moun ye, nou dwe afime I epi respekte I.
3. Rekonèt epi respekte vle di Leta yo gen obligasyon pou reyalize diyite sila a nan respè pou dwa moun, sitou dwa sosyal ak ekonomik yo, dwa fondamantal yo tankou yon kay, edikasyon, lasante, el.

Entwodiksyon sou Deklarasyon Inivèsèl Dwa moun di konsa nan atik 1 ak nan atik 5 : « **Rekonèt diyite chak moun genyen poutèt sa I ye a, ak menm dwa chak moun genyen yo pa kapab retire sou li, se sa k fondman libète, jistis ak lapè.** »

Valè yon moun genyen pa gen pri, ou pa kab ranplase I ak yon lòt bagay, ou pa kab boukante I pou yon lòt bagay ki egziste sou latè. Diyite pa gen nasyonalite. Li mache ak chak moun, kit li sitwayen, kit li pa sitwayen, senpleman paske se yon moun li ye.

Pou nou menm kretyen ki kwè nan Bondye, nou di : se pa Leta ki bay moun diyite ak dwa. Diyite I, valè sa a li genyen paske li moun, se nan Bondye Kreyatè a menm sa sòti. Moun ki kwè nan Bondye ta dwe tounen pi gwo defansè diyite ak dwa moun genyen.

Kèk konklizyon

*Diyite n, soti nan Bondye, se li k fè n moun, egalego ak tout lòt.  
Yon moun pa janm pèdi diyite I ; li kab aji yon fason ki pa dakò ak li.  
Nou dwe fè distenksyon ant sa yon moun ye, ak sa yon moun fè.*

*Lè n gade byen, anpil moun pa aji selon diyite tèt yo, epi yo vyole diyite lòt yo genyen. Esklavaj se youn nan pi gwo vyolasyon diyite moun ki merite reparasyon. Nan lagè 1939-1945, boukannen moun nan fou pou touye yo, se yon lòt gwo vyolasyon diyite moun. Trete fi tankou yon bagay, pa respekte kò l ak lòt dwa l yo, se vyolasyon diyite moun. Refize moun pran konesans, al lekòl, se yon lòt vyolasyon diyite moun...*

## **JILAP, 50 lane batay nan sèvis Diyite ak respè Dwa Moun**

Lane 2020 an ap fè Komisyon Jistis ak Lapè genyen 50 lane nan peyi d Ayiti. Chak dimanch n ap gade yon moman nan diferan konba pou Diyite ak Dwa moun ki se kondisyon devlopman total kapital la, Komisyon an te mennen an.

Nan lane 1996, JILAP te tabli nan 120 pawas. Li te angaje tèt li ak yon gwo Plan Nasyonal Fomasyon sou diyite, dwa ak devwa moun, selon sa yo te decide nan premye Kongrè nasyonal la nan Jagzil nan lane 1995.

Men premye gwo kesyon yo : Ki sa k fondman dwa moun ? Ki sa k diyite moun ?

Yon gwo deba deklanche nan plizyè sesyon sou diyite moun ki vòlè genyen, paske y ap rann lavi moun enposib.

*Eske yon vòlè gen diyite ? Eske se yon moun li ye ? Eske moun kapab kouri dèyè l epi fini ak li, paske yo rann lavi moun enposib ?*


E si yon ti vòlè bannann pa gen diyite, ki sa pou n ta di sou piyajè Leta, k ap anpeche ti malere viv, ki fè Leta pa gen mwayen pou òganize sèvis piblik kòrèk pou malere, tankou lekòl ak lopital ?

Men si vòlè yo genyen diyite tout bon, paske yo pa janm pèdi diyite yo genyen an, ki sa sa vle di pou jan n òganize jistis la nan peyi nou an pou konbat koripsyon ak enpinite ?

Nan non diyite n kòm moun, nan non lafwa n nan Bondye ki fè n pòtré ak li, ak nan diyite moun ki pa janm disparèt, JILAP pran angajman nan prizon ak nan detansyon, l ap defann tout viktim vyolasyon dwa moun, san l pa gade si yo koupab ou pa. Diyite yon moun genyen pa janm pèdi, li pa pou vann, ou pa kab achte l.

*Desen an fè n konnen ou pa ka vann diyite moun.*

*Ki sa k dènye fondman dwa moun.*



# Dezyèm dimanch tan Karèm, 2020 8 mas : Jounen Nasyonal Jistis ak Lapè ak Jounen Entènasyonal Dwa Fanm

## **JILAP, 50 lane konba nan sèvis Diyite ak Dwa Moun**

Komisyon Jistis ak Lapè, se yon zouti pastoral sosyal Legliz la. Ane sa a, JILAP fete 50 lane depi l ap feraye nan peyi a. Komisyon an te pran nesans bò lane 1970, paske plizyè pè ak layik te kwè Legliz la te dwe pale yon pawòl liberasyon nan tray diktati peyi a t ap sibi a sou rejim Divalye yo.

Komisyon an te pran nesans tankou yon gwoup ki pa t gen twòp chapant. Sete moun ak konviksyon ki te rankontre pou reflechi, pou grandi konviksyon yo nan chanjman ki te dwe fèt nan non lafwa yo nan Kris la, Pitit Bondye Lavi a. Yo t ap ekri ti mesaj ak refleksyon pou ankouraje anpil lòt moun.

Komisyon an toujou ap defann tout dwa pou tout moun, gason kou fanm.

Kounye a, Komisyon an prezan nan tout dyosèz yo ak nan plis pase 330 pawas atravè peyi d Ayiti. « Dimanch Jistis ak Lapè » ane sa a, se yon moman pou n selebre prezans Komisyon an nan pawas pa nou. Se yon okazyon pou fidèl yo montre apresyasyon yo pou travay Komisyon an ap fè.

Men ki aktivite rezo Komisyon sa yo ap reyalize nan peyi a:

- Fòmasyon sou dwa ak devwa moun ; sou lalwa ; sou lapè ak sou dyalòg pou chanje figi konfli yo ; pou montre moun defann dwa yo ; sou bon relasyon n dwe genyen ak tout sa Bondye kreye;
- Akonpaye viktim abi, enjistis ak vyolasyon dwa moun devan sèvis Leta yo ; ede moun rezoud konfli antre yo ;
- Obsève epi denonse tout mank respè pou lavi ak vyolasyon dwa moun ; lonje dwèt sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan ak nan tout peyi a ;
- Travay pou refòm sistèm Lajistis nan peyi a.

**Komisyon an konte sou lapriyè n ak konkou n. Tanpri, pèmèt Komisyon an rann plis sèvis grasa kontribisyon lajan ou, ni ak konkou lapriyè ou.**

*Dezyèm dimanch Karèm  
Dimanch Nasyonal Jistis ak Lapè  
Jounen Entènasyonal Dwa Fanm  
8 mas 2020*

## *Devlòpman totalkapital, se yon konba pou n mennen*

### *Figi Jezi klere*

Jenèz 12, 1-4 : Abraram, kite peyi ou .... Al nan peyi m ap montre ou la.

2 Timote 1, 8-10 : Jezi fini nèt ak lanmò, li fè lavi parèt aklè.

Matye 17, 1-9 : Figi Jezi klere tankou solèy.

### *Kèk lide pou litiji a*

Reyalize chanjman, ale nan yon lòt peyi, fini ak lanmò, fè lavi parèt. Tout kote moun ap viv yon fason ki an depaman ak diyite I, pawòl Bondye a rele n pou n leve tèt nou, paske pwojè Bondye a se yon pwojè lavi, pou chak moun ak pou sosyete a. Devlòpman oubyen pwomosyon sa a dwe «entegral», totalkapital; sa vle di: li dwe pou chak moun, epitou li dwe touche yo nan tout sa yo ye kòm moun.

Sa pa kab fèt si tout moun pa travay pou reyalize sa k bon pou chak lòt moun. Se konsa nou montre nou konprann Diyite chak moun genyen. Kòmansman devlòpman entegral ak pwomosyon totalkapital la, se kwè nan diyite chak moun, epi travay pou reyalize sa k bon pou tout moun. Sa se kle tout chanjman reyèl.

Si n kwè nan diyite moun toutbon, n ap konprann tou tout sa Bondye kreye dwe sèvi pou tout moun kab viv, epi tout moun dwe patisipe nan pwojè devlòpman sila a. Pandan nou medite sou gwo chanjman nan lavi Abraram ki dwe kite vye mantalite yo dèyè, pandan n gade pwojè Bondye reyalize grasa Kris la ki montre n chimen an, nou medite tou sou sa k fondman li: Diyite nou kòm moun ki gen kòm misyon travay pou sa k bon pou tout moun.



Yon senbòl pou dezyèm dimanch tan karèm nan :  
Pote yon boul tè nan yon laye ... Se tè sa a ki peyi n. Sou tè sa a nou dwe bati peyi nou an, epi konstwi avni pèp nou an.

Nou kapab pike plizyè ti bwa ki pote non yon atitid ki nan enterè tout moun nan ak chak moun.

### *Konprann Pawòl Bondye a*

- Jezi pote yon chanjman radikal ba nou. Se sa evènman sou mòn Tabò a montre. Eli ak Moyiz t ap lite nan tan pa yo pou dwa Bondye ak dwa moun ki pi fèb yo. Jezi fè n wè aklè kisa chanjman an egzije : fidelite ak Bondye epi ak pèp la. Fidelite sila a mande bon jan disènman, chèche konnen, byen kalkile nan limyè lafwa a pou wè ki kote Bondye ap aji, epi nou dwe dispoze pou sèvi l. Lè yo desann sou mòn nan, Jezi pale ak patizan yo sou yon chimen kalvè li pral mache. Chimen chanjman toutbon an kote l bay tèt li pou lòt, se yon konba Jezi te mennen, se li k chimen Pak la.

Jezi montre li se yon moun toutbon. Li chanje figi ; tout kò l klere sou mòn nan. Se tout limenm ki parèt jan l ye vre. Ak kò n epi jan n aji ak li, nou montre kilès nou ye. Gras ak kò nou, nou youn rankontre ak lòt, youn kapab sansib pou lòt, youn kapab renmen lòt, youn kapab pran ka lòt. Lè n wè yon moun ap souffri, se tout kò n, kè n ak zantray nou ki santi l. Se vre, nou plis pase kò n, men si n pa t gen kò sa a, nou pa ta kapab patisipe vrèman nan tout reyalite lavi a kote Lespri Jezi ap aji, ap travay pou reyalize Peyi kote Bondye Wa a.



- **Dezyèm dimanch karèm nan mete n devan nesosite pou gen chanjman, si se lavi ak diyite moun ak pèp nou, n ap defann.** Bondye ofri n chimen chanjman an. Se nou ki pou asepte l epi ki pou reyalize l ak konkou Lespri Bondye a. Ki chanjman ki nesèsè pou kondisyon lavi n ap mennen an kapab annakò ak diyite nou kòm moun ? Ki jan n ap konnen chimen an ?

Abraram te oblije kite peyi kote l te fèt la, pou pwomès Bondye yo kapab reyalize. Sa vle di : Gen yon seri bagay li te dwe kite dèyè. Gen yon wout pou l fè. Gen yon chimen pou l mache ladan, li menm, fanmi li, ak tout pèp la k ap vini apre li menm. Se kokennchenn patisipasyon sa a Abraram genyen pou bay pou reyalize pwojè Bondye a. Kite yon peyi, se yon chanjman radikal. Chanje mantalite, koutim ak òganizasyon sosyal antre ladan tou. Se yon disènman ki aprann nou wè klè. Li fè n wè nan ki chimen Lespri Bondye envite n pou n avanse.

**Kite yon peyi pou yon lòt se yon gwo afè nan sosyete jodi a, nan peyi dAyiti ! Gen bon kote l, move kote l ? Nou bezwen chanjman, ansanm ak tout peyi n. Lavi toutbon fèt Pak la nou kwè ladan an, dwe parèt depi isit la. Jan Apòt Pòl di l : Lagras Bondye vin vizib devan je nou. Nan pawòl sa a, li bay tout sekre Pawòl la ki tounen moun. Eske nou wè prezans Nouvo Lavi a nan mitan n, nan pwòp lavi n tou ?**

*Yon nouvo mantalite:*

San n pa bliye bon kalite ak valè pèp nou an genyen, an n gade peyi dAyiti, an n nonmen kèk bagay ki dwe antre nan yon nouvo mantalite kote gen respè vre pou diyite chak moun ak pou sa Bondye krewe ... pou figi pèp nou an kapab klere ...

- Sans responsablite toutbon
- Verite ak transparans
- Jistis ak sa ki dwat
- Konfyans youn nan lòt
- Mefyans ak laperèz kaba
- Bay fanmi yo plas yo
- Oganizasyon
- Respè lalwa ak antant yo
- Respè lanati
- Respè pou medam yo
- Pwoteksyon pou timoun yo
- Respè lavi ak kò moun
- ...
- ...

***Pou travay ak gwoup, ak jèn yo  
Sa k bon pou tout moun***

*An n mete lide n ansanm:*

*Ki sa k bon pou tout moun ? Gen plizyè bagay pou n gade ansanm:  
Gen byen yo ki la epi ki dwe sèvi pou tout moun kab viv : se byen kominote  
a yo ye.  
Lè nou respire, dlo pou bwè ak tè a pou pwodui manje ... An reyalite, tout  
lakreyasyon se yon seri byen Bondye konfyè n pou tout moun kab viv.*

*Gen byen, se moun menm ki te reyalize yo : gen konesans ak lasyans ki  
devlope epi nou aprann nan lekòl. Men lè moun fè yon bagay, li toujou bati  
sou sa k te la anvan an ak sou lanati Bondye te bay la. Konsa, tout sa ki  
genyen, se yon seri byen nou genyen ansanm.*

*Men tou, fòk yo jere byen sa yo yon fason kòrèk pou yo toujou sèvi nan  
enterè tout moun vre, epi pou yo sèvi pou byen tout moun nan.  
Konsa, dwe gen politik piblik, dwe gen bon otorite, dwe gen bon lwa, dwe  
gen bon kondisyon lavi ki kreye espas ak posiblite pou tout moun ...*

*San n pa bliye : yon moun se pa kò l sèlman ... li gen lespri l, panse l,  
volonte l, relasyon l ak lòt moun ...  
**Se tout sa Legliz la rele sa k nan enterè tout moun ak sa k bon pou tout  
moun.**<sup>1</sup>*

***An n gade ki jan Legliz defini « sa k bon pou tout moun » nan :***

Pou jan Legliz la wè sosyete a, sa k bon pou tout moun, se yon bagay santral. Sa  
k bon pou tout moun, se pa an premye lye yon bagay ou kab touche ak men ou.  
Se pa yon byen materyèl. Epoutan, reyalizasyon l, se li k objektif lavi nan

---

<sup>1</sup> « Sa k bon pou tout moun » : se konsa nou tradui nan dokiman sa a sa yo rele « *le bien commun* »  
nan lang franse a.

sosyete a, se li nou dwe chèche. Se li k jistifye genyen otorite nan yon kominote, nan yon sosyete oswa nan yon peyi. Si otorite yo pa reyalize sa k bon pou tout bon, yo pèdi lejitimite yo. Yo pa gen rezon pou yo la toujou.

Pale sou sa k bon pou tout moun, vle di tou : pale sou moun pòv yo, sa k sou kote, sa k viktim sosyete a tout jan. Pòv yo antre nan tout moun ki dwe jwenn. Toutotan gen moun sou kote ki pa kab viv, yon sosyete pa reponn ak sa k misyon l : pèmèt tout moun viv diyite yo kòm pitit Bondye renmen. Pou Legliz se pòv yo ki ba nou prèv si sosyete a la pou tout moun.

Nan yon dokiman ki rele *Laudato Si, Se pou ou beni Granmèt*, Pap Franswa ekri konsa sou « sa k bon pou tout moun nan » :

*[...] Sa k bon pou tout moun nan ; sa se yon prensip ki santral epi k ap mare tout etik sosyal la ansanm. [Sa k bon pou tout moun nan] se ansanm kondisyon sosyal yo ki pèmèt gwoup yo ak chak nan manm reyalize tèt yo yon fason ki pi total ak pi fasil. (LS, n. 156).*

Sa k bon pou tout moun nan sipoze pou genyen respè pou moun, ak tout dwa fondamantal yo ki oryante sou devlopman total kapital li. Sa k bon pou tout moun egzije pou moun yo santi yo byen nan sosyete a, epi pou divès gwoup sosyete sivil la kapab devlope selon prensip ki di : tout desizyon ak aksyon dwe pi pre sitwayen yo pi plis posibil. Fanmi an genyen yon plas espesyal ladan l, paske li se selil ki baz sosyete a. Finalman, sa k bon pou tout moun nan mande pou genyen lapè sosyal, sa vle di yon degre estabilite ak sekirite ki pa posibil si pa genyen jistis nan jan byen yo separe, si se pa

**Chak moun pote konkoupa yo pou yo reyalize sa k bon pou tout moun lan, men li fè l nan avantaj tout moun ak chak moun. Se leta ki reskonsab òganize l. Konsaplizyè bagay sa yo vin mare ansanm :**

- Sa k pèmèt chak moun ak chak gwoup nan sosyete a avanse pi byen pou reyalize tèt yo,
- Ekoloji a ak san dwe lakreyasyon an paske tout sa k egziste mare ansanm,
- Chwa pou pòv ak sa k soukote yo, ak solidarite ki dwe genyen nan mitan moun ak kominote yo,
- Prensip la ki di tout sa k egziste se pou tout moun kapab viv, epi diyite chak moun genyen.

sa, toujou ap gen vyolans. Tout sosyete, Leta sitou, dwe defann epi fè pwomosyon pou sa k bon pou tout moun nan. (LS, n. 157).

### **JILAP, 50 lane konba nan sèvis Diyite ak Dwa Moun**

Paske JILAP kwè nan enpòtans sa k bon pou tout moun nan, li travay ak Ansèyman Sosyal Legliz la tankou gid li.

Men ki jan sa fèt :

- *Nan tout fòmasyon l yo, JILAP reflechi sou sa Ansèyman Legliz la di sou koze a.*
- *JILAP bay lapriyè ak ti moman refleksyon yo enpòtans, paske se Bondye ki dènye fondman diyite n kòm moun, se li k Kreyatè a. Travay pou respè dwa moun ak pou tout kreyasyon an se yon misyon li ye.*
- *Chak lane, depi 24 lane, Dokiman pou tan karèm nan mare lafwa nan Jezi ki leve a ak angajman n kòm patizan Jezikri pou chanje sosyete a.*
- *Bilten JILAP la antre nan tout pawas yo pou pote menm mesaj sa yo.*

Tan karèm nan genyen yon enpòtans kapital pou fè lafwa nou grandi kòm kominote Bondye rele pou sòti nan esklavaj e pou antre nan lavi toutbon Jezi ki leve a. Bondye kreye n kòm kominote, kòm fanmi. Moun pa fèt pou viv chak grenn moun apa. Nou fè youn ak lòt, nou fè youn ak tout kreyasyon an, e se konsa chak moun jwenn sa yo bezwen.

Tout peche genyen yon aspè sosyal ladan l : li gen enpak sou lòt moun, li kreye abitud ak yon mantalite. Kit se lenjistis, kit se mank fidelite, kit se enpinite, kit se refize pran responsablite. Egoyis nou yo genyen yon enpak dirèk sou jan n òganize sosyete a. Nan domèn sosyal, anpil moun di nou pa kab fè anyen ... omisyon tou (pa di, pa fè anyen, rete endiferan) se manke devwa n kòm patizan Jezi. Epi tout peche se yon antrav nan devlopman plan Bondye.

Listwa delivrans, se Bondye ki mache ak nou pou mennen n nan peyi libète ak kè kontan. Abraham tounen papa yon pèp k ap reponn pwojè Bondye a. Moyiz libere yon pèp nan esklavaj pou l kab sèvi Bondye nan libète, jistis ak renmen. Pi gwo peche pèp Bondye se sèvi zidòl lajan, se kraze pòv ak malere ki nan mitan l ; se abi pouvwa wa yo ki bliye si se sèvitè Bondye yo ye. Pwofèt yo rele pèp la ak tout responsab li yo pou mache sou yon chimen ki dwat, paske se la libète a ye ak vrè sèvis Bondye a.

Jezikri, Pawòl la ki tounen moun nan, mete sou pye yon kominote, Legliz, k ap fè lwanj Bondye. Legliz se yon pèp, yon kò, yon kominote, yon tanp ... Nou pa kab sèvi Bondye nan egoyis ou pou kont kò n.

Nan anpil kominote Legliz, yo byen konprann sa. Pou rezon sa a, anpil kote sou latè yo òganize kanpay ak aksyon solidarite pou Legliz frè ak sè nan lòt peyi sou latè ki nan pwoblèm.

*Si Legliz dAyiti, benefisyè solidarite lòt legliz yo nan moman sa a, pou kisa solidarite a ak dimansyon kominotè lafwa pran yon ti plas toupiti konsa nan refleksyon nou yo pandan tan karèm nan ? Delivrans Bondye a se pou nou menm kòm Pèp Bondye a li ye.*

Nou responsab sosyete nou an ak peyi nou. Nou responsab frè ak sè n yo ki nan lamizè. Nou responsab sistèm yo ak chapant yo k ap dirije lavi nou yo. Nou dwe chanje yo pou denmen kab pi bon. Ansèyman Legliz la pa ba nou yon pwojè ki tou finalize. Pito li sèvi nou yon gid ki kapab mennen n pi devan, ki ede n pou n toujou kenbe devan je n sa k sans lavi nou sou tè a kòm pèp, kòm kominote, ansanm ak tout sa Bondye kreye.

*Twazyèm dimanch Karèm  
15 mas 2020*

## *Devlopman total kapital se bon relasyon ak tout sa Bondye kreye*

*Jezi se Dlo Lavi a*

Egzòd 17, 3-7 : Granmèt la di : Frape bit wòch la, dlo va soti, e pèp la va bwè.  
Women 5, 1-8 : Yo te vide Renmen Bondye a nan kè n, gras a Lespri Sen an.  
Jan 4, 5-42 : Dlo Lavi a se mwen menm.

### *Kèk lide pou litiji a*


Pandan twa (3) dimanch nou pral koute twa (3) istwa nan Levanjil selon Jan ki sen. Twa (3) dimanch sa yo santre sou preparasyon kandida pou sakreman Batèm nan. Yo fè n sonje pwòp Batèm pa nou tou. Yon moun ki resevwa Batèm, l ap viv santiman ak angajman Jezi te genyen an, epi l ap pote konpòtman sa a nan diferan aktivite l yo.

Jodi a nou gade relasyon n genyen ak tout sa Bondye kreye: latè ak tout sa k ladan l. Dlo se yon siy fò ki montre n lavi. Moun pa kab viv san pa gen dlo. Dlo se siy lavi moun sou latè ak siy Lavi toutbon Bondye pwomèt nou. Ki jan nou viv relasyon n ak dlo a epi ak tout sa Bondye kreye?

Pap Franswa ede n konprann ki jan relasyon n ak lakreyasyon nou ladan an epi kalite relasyon n genyen ak lòt moun parèy nou yo mache ansanm. Pandan n ap medite sou dlo a, se tout reyalyte sa yo nou wè devan je n.

Yon moun ki batize dwe konn valè dlo a genyen, epi li dwe konprann dlo a dwe sèvi pou mare moun ak kominote yo ansanm, paske nou chak nou bezwen l. Devlopman total kapital mande pou n bati bon relasyon ak sosyete a, ak tout lakreyasyon an – paske nou se yon moso ladan l -, ni ak Bondye limenm.

Yon senbòl pou twazyèm dimanch la :  
N ap prepare dlo k ap sèvi nan nwit  
Pak la. Dlo a toujou fè n sonje batèm  
nou.  
Nou se manm ak menm diyite nan  
pèp Bondye a ki prezan tankou yon  
lèdven, yon limyè, yon ti sèl anndan  
sosyete a.



### *Konprann Pawòl Bondye a*

- Nan levanjil la, Jezi rankontre ak madanm Samari a epi li pale avè l. Jezi swaf. Madam Samari a bezwen dlo pou okipe fanmi li. Dlo se lavi, epi tout moun bezwen l. Konsa, pale bò dlo a louvri sou tout lavi a.

Lè Jezi pale ak madanm nan, li touche anpil vye koutim ak divizyon ki te genyen ant Jwif ak moun Samari yo. Gason pa pale ak fi an piblik. Jwif pa pale ak Samariten. Lavi plen ak prejije e divizyon. Moun fè lavi a vin difisil. Gwoup sosyal yo, pati politik yo refize pale ansanm sou fason pou yo òganize jistis, sou patisipasyon chak moun ap bay, sou devlopman ak lavi tout moun dwe jwenn, sou fason pou kreye yon anviwònman kote moun kab viv, sou dlo ak lavi pou tout moun. Pou kisa moun fè lavi a vin difisil konsa ?

Lakreyasyon an dwe ini nou, men li tounen yon espas batay pou wè kilès k ap jwenn pi plis. Jezi montre aklè divizyon sa yo pa gen sans, yo pa fè lavi vanse. Se transparans ak verite ki fè n vanse kòm pitit Bondye renmen. Divizyon yo gen pou disparèt kote moun rankontre selon Lespri, kote moun ap sèvi Bondye nan laverite selon Lespri a. Prejije ak divizyon anpeche n travay pou reyalize sa k enpòtan, sa k gen valè pou yon kominote ak pou pwojè Bondye a.

➤ Dlo konn fè moun met tèt ansanm, li fè yo rankontre, men tou, dlo konn lakòz batay ak lagè. « Eske ou te mennen n nan dezè a pou n mouri swaf dlo ? » Moun pa kab viv san dlo. Yon pwoblèm konkrè pèp la rankontre nan dezè a, tankou dlo ki manke, fè l anvi tounen nan peyi lesklavaj la. Moyiz mande pèp la pou l kenbe konfyans, pou l kontinye mache, lite, avanse sou chimen chanjman ak lavi. Ansanm, ak fòs Bondye a, yo kapab reyalize delivrans yo a, epi tounen yon pèp solid. Li pa fasil pou viv diyite nou genyen kòm moun, nan transparans ak verite. Nan dezè a, pèp la dwe aprann òganize tèt li. Kounye a, li lib, se pa lezèt k ap di li kisa li dwe fè. Nan transparans ak nan laverite chak moun dwe bay patisipasyon yo. Tout sa se kado lavi a. Men, gen sa k prefere rete sou plas, defann enterè mesken, tounen dèyè nan esklavaj Lejip la.

➤ An n akeyi lavi a, an n aprann viv li epi òganize sosyete nou an « nan lespri ak laverite » (Jan 4,23). Dlo se siy sa ki pwòp, sa ki klè, sa ki transparan. Bò sous dlo a, bò fontèn nan, lavi jayi, epi moun

Ki jan sa ye nan peyi d Ayiti ?

Pwoblèm ekoloji yo anpil, paske moun manke pran swen anviwònman an :

Prèske tout forè fin ale : sèlman 2% espas peyi a kouvri ak forè ;

Lapli lave tè ki toutouni ; Yo mal jere fatra a nan vil yo ;

Plastik anvayi peyi a ; Pa gen politik piblik ki fè konnen ki jan y ap òganize espas peyi a.

Erezman gen kèk pak nasyonal ... Gen moun ki kòmanse konprann ... Gen kongregasyon chè frè ak chè sè ki fè jefò pou montre abitan travay tè a ak swen epi ak renmen.

Gen yon mouvman agwo-ekolojik ki respekte lanati e ki tanmen devlope nan mitan peyizan yo ...

Gen moun ki fè rèv pou Ayiti retounen « *la perle des Antilles* » ...



rasanble pou aprann viv nan lespri ak nan laverite youn ak lòt. Se sans batèm nou kote n leve vivan ak Jezi.

Tout lakreyasyon pote yon mesaj sou renmen Bondye a, sou lavi sosyal nou ak lòt moun. Pran swen lakreyasyon se pran swen pou moun parèy nou yo. Pran swen pou moun mennen n nan byen viv ak tout sa Bondye kreye. Nou se yon moso nan tout sa Bondye kreye ; nou jeran, nou pa mèt tè a.

***Pou travay ak gwoup, jèn ak nan lekòl  
Devlopman total kapital ak konvèsyon ekolojik***

*Ak Laudato Si (Lwanj pou Ou, Granmèt - LS), Pap Franswa te ekri, gen kèk pawòl ki antre nan legliz la pi plis :*

*Ekoloji*

*Ekoloji entegral*

*Ekoloji sosyal*

*Pechè ekolojik*

*Konvèsyon ekolojik*

*Ak plizyè lòt ... Ki sa pawòl sa yo vle di?*

*Mo « ekoloji » genyen relasyon ak « kay la ». Tè a n ap viv ladan an se tankou yon kay nou pataje ak tout moun ni ak tout lòt kreyati k ap viv ladan l, pou tan n ap viv la. Jodi a, nou 7 milya moun nan kay la: tout kalite moun, ras, kilti ak pèp. Gen tout lòt kreyati vivan yo tou, plant ak bèt, ki pataje menm espas la ak nou. Nou dwe jere « kay nou an » byen pou tout moun kapab jwenn kichòy, epi pou gen sa k rete pou moun k ap vin apre, epitou pou tout sa k ap viv kapab jwenn yon espas. Konsa, nou dwe jere bagay la byen, san youn pa pran tout pou li.*

*Nou pa dwe bliye, lè n pale sou lanati ou lakreyasyon, nou menm tou nou antre ladan l. Nou chak ak tout limanite fè pati lakreyasyon Bondye a. Si yon moso malad, se tout lakreyasyon an ki malad.*

*Jan moun ap fè kounye a, pa bon.*

- *Moun ap viv kòm si se yo sèl ki konte. Yo koupe rache jan yo vle.*
- *Plis toujou, menm nan mitan moun ak pèp, gato a pa byen separe. Yo bliye : resous tè a gen limit, epitou, nou pa mèt tè a, nou se jeran l.*
- *Nou tout tandè pale sou chanjman klimatik. Sistèm ekonomik nou mete sou pye ap pran, san l pa mete anyen nan plas sa l pran an, sa vle di: l ap epuize tè a ak resous li yo, l ap fini ak li.*

An n konprann pawòl sa yo byen :

Ekoloji: se yon syans k ap etidye relasyon ki genyen nan mitan tout sa k vivan ak milye a kote y ap viv la.

Ekoloji entegral, total kapital: Jan moun ap viv ak tout lòt vivan yo montre tou jan moun ap viv youn ak lòt. Tout bagay mare ansanm: relasyon n ak lanati, montre n ki kalite relasyon n genyen ak lòt moun.

Konvèsyon ekolojik: nou rann nou kont, jan moun ap aji nan milye kote l ap viv la nwizib pou lòt bagay k ap viv yo. Limanite (sa se nou menm, moun) dwe rekonèt jan n ap viv la ap nwi lòt kreyati yo. Nou dwe mande padon epi chanje konpòtman.

Si dwe genyen konvèsyon ekolojik, se paske gen peche ekolojik. Moun egoyis, li pran tout pou li, ni nan relasyon l ak lòt moun, ni nan relasyon l ak lanati.

*Pale sou konvèsyon, se pale sou peche, se rekonèt tò.*

*Moun nan dwe rekonèt tò l devan lakreyasyon an paske nou sèvi mal ak li.*

*Moun nan dwe rekonèt tò devan moun ki pi sibi anba chanjman klimatik la, sa se pòv yo, moun nan site yo, moun ki blije viv nan kanal yo ak bò lanmè, ...*

*Moun nan dwe rekonèt tò li devan Bondye ki te konfyè n yon bèl kreyasyon, ki te fè n konfyans, ki mande n jere l byen pou frè ak sè n yo ak pou pitit nou yo ak sa k ap vini annapre ...*

Ansèyman sosyal Legliz la te gen de (2) gwo prensip etik : « diyite moun » ak « sa k bon pou tout moun ».

Pap Franswa ajoute yon twazyèm prensip « lanati gen diyite, li sakre ». Konsa, sa k bon pou tout moun dwe vin pi laj. Li gen ladan l : sa k bon pou tout moun, ansanm ak sa k bon pou lanati epi ki pèmèt li devlope. Lanati genyen yon valè nan li menm; fason n aji ak lanati dwe antre nan konsyans moral nou.

*(Dapre Felix Wilfred)*

*Eske dlo a kapab ede n bati kominote ?  
Ki sa k ta dwe fèt pou l la pou tout moun ?*

*Jacques Roumain te ekri yon bèl woman ki rele Gouverneurs de la rosée.  
Kilès ki sonje istwa a ?*

**Se listwa Manyèl, yon jèn lidè kominotè ki sòt Kiba, li te kapab etidye. Kounye a, li vle mete konesans ak konpetans li nan sèvis kominote li ki divize, ki soufri tout kalite kalamite paske lapli pa vini ...  
Manyèl vle ede kominote l. L al chèche jouk li jwenn yon sous ki ta kapab ede kominote l wouze tè yo. Men divizyon, mefyans, hinghang ant fanmi yo anpeche pou pwojè a fèt ...  
Finalman, Manyèl ap reyisi. Men se apre yo fin asasinen l, yo rive konprann. Se kòm si se lanmò l ki finalman louvri je fanmi yo ki fè yo bliye sa k divize pou ini fòs yo pou rale dlo a wouze jaden yo ...**

*An n pale sou istwa Manyèl la ... Eske nou konnen evènman ki sanble ak li ? Ki sa nou aprann ladan l ? Ki sa k pèmèt yon kominote devlope toutbon vre ?*

*Devlopman se tout bagay ansanm : devlope lespri ak konpetans, sèvi byen ak richès lanati, ini fòs yo, kreye antant nan mitan moun, tounen bon jeran kreyasyon Bondye a, ...*

## **JILAP, 50 lane konba nan sèvis Diyite ak Dwa Moun**

*Depi 24 lane, JILAP pibliye yon dokiman pou tan karèm nan. Nan lane 2008, tout dokiman an t ap devlope tèm Anviwònman an, sou tit : Anviwònman an se kay kote Bondye rete avè n.*

*Epi nan travay fòmasyon JILAP te òganize pou komisyon lokal yo, nan lane 2011, nan 300 pawas, yo t ap etidye Anviwònman yon kalite relasyon ak lanati.*

*Respè pou tout lakreyasyon, se yon aks k ap travèse tout aktivite JILAP yo, ansanm ak respè pou kilti ak bon koutim yo, ansanm ak egalite ki dwe genyen ant gason ak medam yo. Konsa, nan dokiman pou karèm nan lane 2017 la, men ki sa n li sou pwoblèm dlo a :*

*« Eske dlo se yon pwoblèm an Ayiti? Eske gen katye ki pa gen dlo? Ki jan n konprann sa?*

*Ki kote moun jwenn dlo pou bwè?*

*Depi ki lè moun blije achte dlo pou bwè nan ti sachè plastik?*

*E plastik la menm, ki kote li prale ?*

**Men ki sa moun lasyans panse:**

**Fason yo sèvi ak dlo ogmante de (2) fwa pi rapid pase jan popilasyon an ap grandi. Sa sete pandan dènye dis (10) lane yo. Sa vle di tou, pi devan ap gen kote y ap manke dlo tanzantan.**

**Yo kalkile nan lane 2025, 1.800 milyon moun ap viv nan peyi ak nan zòn kote dlo a vreman manke. Epi, de (2) sou chak twa (3) moun sou latè ap viv nan ensekirite pou zafè dlo.**

***Nan peyi d Ayiti gen lòt bagay toujou. Lavil, moun yo ap viv ak dlo ki sòt Laplèn. Laplèn, yo tire dlo anba tè san gade dèyè. Epi yo vann li tankou nenpòt ki machandiz. Eske gen sèvis Leta ki voye je sou sa k ap fèt? Pou rezèv dlo anba tè a pa rive ranpli ak dlo lanmè ki toupre a?***

***Gen katye nan vil la tou kote se gwoup ak zam k ap kontwole dlo Leta bay nan tiyo yo. Gang yo vann dlo ki yon byen piblik. Pa gen moun ki pale sou sa. Pa gen transparans, pa gen verite. Sitou Leta pa fè moun jistis.***

***Ricardo Petrella, se yon jounalis italyen ki konsakre vi l pou ede moun konprann koze dlo a. Pou limenm, dlo se yon dwa moun li dwe ye. Chak moun, depi l fèt ta dwe gen dwa pou jwenn dlo pou bwè: bon kalite dlo, leta garanti. Dlo pou bwè, se pa dlo pou gaspiye, pou lave machin, pou mete nan pisin. Se pa dlo pou wouze jaden. Lè n pale sou dwa chak moun genyen, nou pale sou dlo dous bon kalite pou moun bwè.***

***Menm nan peyi a yo pa respekte dwa sa a: gen moun dlo yo jwenn pa bon kalite, leta pa garanti anyen; ou bezwen achte dlo pou bwè, paske dlo pou bwè a nan men konpayi prive pou fè lajan. »***

*Pap Franswa tou pale sou zafè dlo nan kad anviwònman an.*

*Men ki sa l ekri sou sa :*

*« Yon pwoblèm espesyal anpil kote sou latè se koze ki dlo ki disponib pou moun pòv yo, paske dlo pwovoke lamò anpil moun chak jou. Nou jwenn anpil maladi ki mare ak dlo lakay moun pòv yo, ansanm ak maladi ki gen awè ak enfeksyon, ni ak pwodui chimik ki mele ladan l. [...]*

*Bon kalite dlo a ap vin pi mal chak jou, an menm tan, gen kote yo vle privatize resous sila a ki gen limit, epi yo fè l tounen yon machandiz ou achte vann nan mache. Si n gade byen, jwenn dlo moun ka bwè, dlo ki asire, se yon premye dwa fondamantal tout moun li ye, paske li pèmèt moun viv, ki vle di: se kondisyon pou tout lòt dwa moun li ye. » (Laudato si, Lwanj pou ou Granmèt, LS, n. 29-30).*

Yon ti jès angajman :

An n gade : ki kote moun yo pran dlo nan zòn nan ? Dlo pou bwè / dlo pou lave / pou benyen / pou fè manje / dlo pou bèt bwè / dlo pou wouze plant ...

Nan ki eta dlo a ye ? Eske nou kab ranje yo pi byen ?

Lè n bwè dlo, èske n sonje gwo kado lavi a?

*Katriyèm dimanch Karèm  
22 mas 2020*

## *Devlopman total kapital, se bon relasyon politik nan sosyete a*

*Jezi se Limyè Tè a*

1 Samyèl 16,1-13 : Yave di Samyèl : « Pa jije sou sa k parèt ».

Efezyen 5,8-14 : Kounye a, nou se limyè. Mache non, tankou pitit limyè.

Jan 9,1-41 : Jezi di : « Se Limyè tè a mwen ye ».

### *Kèk lide pou litiji a*

**Pwopozisyon pou tèm nan**


Se nan fason moun òganize sosyete yo, yo reyalize byen viv ansanm nan. Se konsa yo reyalize diyite yo ak sans vi yo genyen. Eske angajman politik la se yon misyon pou patizan Jezi yo, yo menm ki batize nan non Jezi ki Limyè tè a? Kòm patizan Jezi nou chèche reyalize sa k bon pou tout moun, sa k nan enterè tout moun. Se sou sa n ap medite nan dimanch karèm sa a: se pou n rive wè klè nan sa k bon pou tout moun nan.

Renmen an se pi gwo kòmandman an, se sa Jezi te fè n wè.

Renmen dwe antre nan politik, epi politik dwe yon angajman renmen ... ki ede n wè ki sans lavi sosyete a genyen ... li kreye tolerans ... li defèt baryè yo ant rich ak pòv, li kraze prejije ant kwayans, ant koulè ak nivo fòmasyon ... tout moun se moun ...

Gen yon seri atitud ak konviksyon ki nannan byen viv la. Men tou, dwe gen sistèm ak òganizasyon ki pèmèt moun reyalize sosyete a ak byen viv ansanm nan. Chèche mete yo sou pye fè pati misyon n kòm patizan Jezi. Pa gen yon Leta

katolik, paske Leta la pou tout moun, epi Legliz pa pwopoze yon modèl sosyete oswa yon sistèm politik, men li mande pou chak moun konprann sans lavi a ak diyite chak moun genyen. Kòm patizan Jezi nou gade ki gwo valè ak konviksyon ki te mennen li pandan l te nan mitan n sou tè a.



**Yon senbòl pou katriyèm dimanch la :**

**Nou kapab prezante syèj fèt Pak la devan asanble a (san nou poko limen l).  
Nou kab esplike ki sans li genyen : l ap reprezante nan mitan n Jezi ki leve a. Se nan li y ap limen yon limyè pou chak moun ki batize.**

### ***Konprann Pawòl Bondye a***

- Jezi louvri je avèg la. Avèg la rekonèt Jezi epi l ap swiv li. Pou patisipe nan misyon Jezi a, pou bati kominote nou yo sou yon lòt baz, nou dwe lave je n. Ki sa nou dwe wè ? Levanjil la montre aklè ki jan nèg save yo nan tan Jezi pa t wè klè. Yo t ap vyole dwa nèg avèg la ak fanmi li.
    - Yo akize l mal : li nan peche, se Bondye ki pini l ; li te bay manti, li pa t avèg vre ; yo kondane l : l ap mouri nan peche l ;
    - Yo vle oblije l pou l bay fo temwayaj epi akize Jezi ;
    - Yo vle anpeche l sèvi Bondye, epi pou l pa antre nan kay Bondye a.
- Pou kisa farizyen yo aji konsa ? Bèl aparans, vye divizyon, prejije, jalouzi ? Farizyen yo nan levanjil la refize wè lòt bagay pase sa yo konnen, yo plen prejije, yo pa wè sa k nouvo. Ata paran yo vin pè pran defans pwòp pitit yo. Avèg la menm rive kwè, li pran konfyans nan tèt li ak nan Jezi, epi li deklare lafwa li, menm si yo mete l deyò nan sinagòg la. Jodi a, n ap di : l ap defann

dwa l pou aji selon konsyans li anndan sosyete a. Li egzije yo respekte konviksyon li. L ap batay pou yon kalite sosyete.

- Pwofèt la ap chèche yon Wa pou Israyèl. Li rive nan fanmi Jese, epi yo prezante l tout pitit yo, sòf youn, paske yo pa bay dènnye a enpòtans. Li pa konte menm jan ak lòt yo, li se dènnye a epi l ap gade bèt yo. Men yo tout ap twonpe tèt yo. Yo pa wè si Bondye chwazi sa k pi piti a, sa yo t ap mete sou kote a. Se konsa pwofèt la chwazi David kòm wa pou dirije peyi Izrayèl. David se zansèt Jezi. Anpil fwa, nou plen ak pwòp tèt nou, epi nou pa wè diyite ak dwa lòt la genyen, sitou sa k pi piti a. Atravè tout evènman sa yo nou rive konprann sa sa vle di : Bondye chwazi pòv yo pou konstwi sa k nouvo.
- Apot Pòl ki Sen fè n konnen nou se limyè, nou dwe mache tankou pitit limyè. Chak moun dwe yon limyè pou lòt yo. Nou dwe rekonèt diyite frè ak sè n yo. Pawòl sa a gen rapò tou ak reskonsablite ak angajman sosyal nou yo. Lakay anpil kretyen, lafwa yo manke antre nan tout aktivite sosyal yo. Yo se bon moun, men yo pa wè si yo dwe pran reskonsablite pou chanje sosyete a epi pou konstwi peyi a. Anpil moun refize mare lavi yo nan sosyete a ak konviksyon lafwa yo. Yo montre se avèg yo ye.

Ki jan politik la fonksyone nan peyi a ? Ki kote politik la malad, san n pa bliye sa k fè jefò pou make yon diferans ?

Gen batay pou pouvwa ...  
Gen nepotis ak zanmitay  
(djòb yo se pou zanmi, pa pou sa k konpetan) ...  
Gen koripsyon epi pwofite pozisyon ou genyen ...  
Legliz la anseye : *Lè w fè politik la byen, se **pi bèl fason pou montre renmen ou genyen pou peyi ou.***  
Kòm fidèl èske nou soutini politisyen onèt nou yo, èske nou lapriyè pou yo, èske nou ankouraje yo ?

**Limyè ak solèy la, bon konesans ak enfòmasyon, je ak entelijans pou wè : tout sa se bagay ki nesèsè pou tout kominote a. Nou bezwen bon enfòmasyon, disènman, bon konprann pou n kab pran bon desizyon epi òganize nou pou kominote a mache byen.**

**Konba sa a, se yon misyon pou tout patizan Jezi li ye. Kaba prejije ak mete moun sou kote. Konba pou chak moun jwenn respè pou diyite l, pou vi l ak pou dwa l, se li k sous bon jan devlopman pou yon sosyete.**



***Pou travay ak gwoup, jèn ak nan lekòl  
Sou sa politik la vle di***

***Ki sa politik ye menm?***

« Mo politik sòti nan yon mo grèk ki rele « polis », ki vle di : vil la, kominote a, sosyete a. Konsa, politik vle di : sa k gen pou wè ak sosyete a, sa n fè pou pran swen sosyete a, pou òganize sosyete a pou l rive atenn objektif li, oswa pou l anfòm pou tout moun.

Konsa, politik, se òganize sosyete a pou l atenn objektif li. Nan sans sa a politik se yon aspè nan lavi sosyal moun, yon moso nan chapant sosyete a.

Politik vle di tou : jere pouvwa Leta. Konsa, politik se domèn Leta ak enstitisyon l yo. Epitou, politik se yon aktivite pou jwenn pouvwa ak otorite nan Leta. » (*Dwa moun ak politik nan peyi d Ayiti a*, 2003, p. 7-8).

<b><i>Ki sa politik pa ye</i></b>	<b><i>Ki sa politik vle di</i></b>
<i>Mennen moun kote yo pa vle</i>	<i>(Mete sa politik vle di :)</i>
<i>Simen lajan pou achte vòt ak konsyans moun</i>	
<i>Fòse moun asepte otorite ou</i>	
<i>Bay moun yon laperèz ki paralize yo</i>	
<i>Travay pou reyalize sa k bon pou tout moun</i>	
<i>Kite ekonomi ak faktori yo gate anviwònman an pou fè lajan</i>	
<i>Travay pou yon ti gwoup patizan ak zanmi</i>	

Lè moun gade kriz peyi a ap viv la, de lè y ap di: tout bagay vin « politik », tout bagay antre nan yon lit pou pouvwa.

Nan listwa pèp nou an, koze pouvwa a fè sonje tan lakoloni, kote mèt yo te sèl kòk chante. Nou jete pouvwa sa a, men lide a chita byen fon nan tèt anpil moun, epi li kontinye ap mennen relasyon ki genyen ant moun ak moun nan sosyete a, sitou ant rich ak pòv; ant sa k sou kote ak sa k sou kote nèt. Yo pa gen byen, yo pa gen pouvwa politik, yo pa gen lapawòl.

Nou dwe travay pou yon lòt kalite politik,

- kote moun ki gen pouvwa konnen se nan sèvis kominote a yo ye;
- kote Leta la pou garanti sa k bon pou tout moun;
- kote Leta a òganize bon patisipasyon tout moun nan zafè piblik la;
- kote Leta desantralize, kote nan chak nivo yo pran pwòp desizyon yo, selon sa yo kapab fè;
- kote tout moun ak chak moun ki gen responsablite dakò pou rann kont sou jesyon li;
- kote sèvis piblik yo kòrèk, san fay, nan sèvis moun ki gen dwa;
- kote Lajistis fonksyone kòm sa dwa: endepandan, ak konpetans, selon lalwa, yon fason ki nan sèvis moun;
- kote moun rich yo peye taks yo nòmal pou kreye sèvis pou sa k pa gen mwayen;
- kote yo jere lanati ak resous peyi a byen pou denmen kapab pi bon toujou ;
- kote responsablite yo pataje, epi twa (3) pouvwa Leta yo endepandan youn ak lòt ...


Nan tan n ap viv la, se demokrasi ki garanti patisipasyon tout moun pi byen. Men ki sa demokrasi ye menm?

Men kèk prensip sou sa yo rele demokrasi.

1. Se dwa moun ki pase anvan tout bagay, epi tout moun anba menm lalwa, se yon sèl lwa ki genyen ki valab pou tout moun.
2. Tout moun egalego, yo genyen menm dwa, menm chans, pa dwe gen diskriminasyon oswa paspouki. Paspouki konn fèt selon moun se gason oswa fi, li kapab chita sou laj, koulè po, ras, klas sosyal ak richès, ki kote w rete, ki kondisyon fanmi an, nivo edikasyon, el...

3. Gen respè pou dwa fondamantal chak moun genyen : se dwa ou paske se moun ou ye ; moun fèt ak dwa l yo ; moun dwe respekte lavi lòt.
4. Demokrasi pa posib si sitwayen ak sitwayèn yo pa patisipe : yo konsyan (yo konprann) epi yo patisipe ak konsyans (ak sousi pou reyalize byen peyi a) ; sosyete sivil la se espas kote sitwayen ak sitwayèn yo angaje tèt yo.
5. Tolerans nan zafè politik. Moun kapab genyen diferan fason yo wè sosyete a. Nan demokrasi yo respekte epi pwoteje minorite yo. Lalwa pwoteje diferan pati k ap defann diferan fason pou wè sosyete a.
6. Reskonsablite a vle di : moun ki genyen reskonsablite ak otorite dwe rann kont jesyon yo, selon manda yo te jwenn. Yo rann kont devan enstitisyon yo ak devan popilasyon an.
7. Transparans se konsekans reskonsablite. Moun yo gen dwa pou jwenn enfòmasyon. Dwe genyen mekanis ki pèmèt sa fèt.
8. Tout pouvwa pa nan men yon sèl moun ; twa (3) pouvwa Leta yo endepandan youn ak lòt. Gen kontwòl sou abi pouvwa.
9. Se nan eleksyon lib ak kredib yo mete reskonsab yo.
10. Moun yo gen dwa pou pran inisyativ. Poutèt sa, yo gen dwa gen byen prive, selon nòm ak prensip yo te fikse pou sa. Gen diferan fason moun wè wòl Leta a nan zafè byen prive ak piblik.

*Demokrasi pa menm ak eleksyon.  
Eleksyon se yon fason pou mete  
reskonsab yo.  
Bon eleksyon mande bon patisipasyon  
sitwayen ak sitwayèn yo ...*



25 mas, nou fete Mari ki asepte vin manman Jezi, Pitit Bondye a ki tounen moun.

**JILAP, 50 lane konba nan sèvis  
Diyite ak Dwa Moun  
Travay pou yon kominote politik kòrèk**

Nan non Legliz la, JILAP patisipe nan tout deba piblik sou vyolans ak sou mach sosyete a. Tout deba piblik genyen yon aspè politik ladan l.

- JILAP pibliye rapò chak 3 mwa sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan.
- Chak ane Komisyon an analize sitiwayon vyolans nan tout peyi a.
- Li bay lide sou ki jan pou yo reyalize refòm Lajistis nan peyi a. Pandan 10 lane (2002 rive 2015), nan kad *Fowòm sitiwayen pou Refòm Lajistis*, li t ap analize sistèm jidisyè a, epi li pibliye plizyè dizèn pwopozisyon. Anpil otorite nan peyi a konnen yo.
- JILAP ede moun defann dwa yo devan tribinal; epitou li ede moun jere konfli yo san gwo ponyèt.
- JILAP pibliye nòt pou laprès ak mesaj sou jan l konprann mach sosyete a.
- Komisyon an te mennen plizyè kanpay pou tout moun gen yon batistè kòrèk nan peyi a, tankou yon gwo kanpay KONBAT (konbit batistè) nan lane 1990.
- Li bay fòmasyon sou sans politik la genyen. Nan lane 2003, 120 pawas t ap etidye sou *Dwa Moun ak Politik peyi d Ayiti a*.
- Gen manm JILAP ki pran yon angajman politik oswa yon wòl nan Leta nan non lafwa yo. Nou sonje senatè Pedro Casséus, Thomas Joseph Wills (majistra nan komin Kabarè), Me Manès Louis (komisè gouvènman Fò Libète), Me Jourdain (komisè nan Hench), Me Junior Constant (Okay). *Nonmen lòt ansyen manm nou konnen ...*

Ki sa JILAP ta dwe fè anplis pou vye mantalite politik k ap detwi peyi nou an kapab chanje toutbon?

An n kalkile ...  
Nan diferan sèvis ak administrasyon piblik, gen sitiwayen ak sitiwayèn ki pran fòmasyon nan Legliz...  
**Eske moun kapab kenbe tennfas devan koripsyon, nepotis, zanmitay tout jan epi pou yo travay pou sa k nan enterè tout moun?**

**Eske jounen jodi a nou pa bezwen yon « Asosyasyon kretyen pou moun ki nan politik ak sèvis piblik » pou kore yo nan konviksyon, vizyon ak desizyon yo pou sèvi peyi a nan non lafwa yo, nenpòt nan ki pati politik yo ye?**

*Senkyèm dimanch Karèm  
29 avril 2020*

## *Devlòpman totalkapital, se reyalize yon ekonomi pou lavi*

*Jezi se Lavi a*

Ezekyèl 37,12-14 : M a mete Lespri m anndan n, n a tounen vin gen lavi.  
Women 8,8-11 : Lespri a menm fè nou viv, piske nou tounen moun kòrèk.  
Jan 11,1-45 : Jezi di : « Leve a ak Lavi a, se mwen menm ».

### *Kèk lide pou litiji a*

Pawòl «lavi» a genyen anpil sans pou nou menm moun. Se lavi n ap chèche lè n ap travay. Se lavi n ap chèche lè n fonde yon fanmi. Tout aktivite moun ap mennen se pou reyalize lavi. Lè n ap chèche pwomosyon ak devlòpman, se pi plis lavi nou vle jwenn. Epoutan se pa tout devlòpman ekonomik ki bay plis kè kontan ak satisfaksyon, ki fè moun vin pi moun, oubyen ki fè yon sosyete pi anfavè sa yon moun ye.

Jezi menm deklare «Mwen vini pou yo gen lavi, epi pou yo genyen l an kantite» (Jan 10, 10). Nou jwenn pawòl sa a, anvan Jezi bay Laza lavi. Men, se pa tout sa moun rele lavi ki lavi toutbon. Se pa tout sa yo rele devlòpman, sitou devlòpman ekonomik, ki devlòpman toutbon, se pa tout sa yo prezante tankou pwomosyon ki fè moun grandi toutbon vre kòm moun.

Ekonomi genyen yon wòl kapital pou reyalize lavi fanmiy, kominote ak sosyete nou yo. Men tout ekonomi an dwe fèt pou moun. Moun pa la pou sèvi yon sistèm ekonomik. Se moun ki toujou dwe devan. Moun nan, ki toujou ap reyalize sa l ye nan relasyon l ak lòt yo. Aktivite ekonomik yo se kote moun ap travay pou devlope tèt yo ak peyi yo, epitou kote yo travay pou vin sen nan Jezikri ki leve a.

Yon senbòl pou senkyèm dimanch tan karèm nan :

Nan ofrann nan, nou pote fwi travay nou kòm siy lavi n ap chèche a ak jefò n ap fè yo pou lavi a bèl. Pè a akeyi yo epi li di yon priyè benediksyon sou yo ak sou travay nou.



### *Konprann Pawòl Bondye a*

Devan yon pèp ki mouri, ki gen tan tounen zo, Pwofèt Ezekyel anonse : l ap tounen viv kounye a. Menm jan tou, Jezi bay Laza lavi.

Lavi a se pi gwo byen nou resevwa, epi se li n ap chèche. Bondye Jezikri a se Bondye moun vivan yo. Tout lakreyasyon plen lavi. Pèp Ayisyen an vle viv. Kò nou se kay Bondye vivan an, kominote a se kay Lespri a, tout kreyasyon an se yon tanp ki fè glwa pou Bondye. Misyon n se fè lavi fleri pou yon pèp, yon sosyete, yon peyi, pou Ayiti. Valè moral nou pratike nan kad yon sosyete se chimen lavi yo ye.

- Frè w la ap dòmi, li pa mouri. Lè Mat, sè Laza, te swete pou Jezi te la pou sove l anba lanmò, Jezi fè l wè ki jan lafwa nan Bondye Lavi a kapab fè mèvèy. Nan menm lafwa sa a Mat deklare devan Jezi : « Ou se Pitit Bondye vivan an ». Lòt kote nan Levanjil la, Jezi fè n konnen : « Bondye se Bondye moun ki vivan ». Fèt Pak la se sa : se kwè nan pwojè Lavi Bondye ap reyalize ansanm avè n. Pwojè sa a se lavi pou pèp la, jan listwa Laza ki tounen jwenn lavi fè n wè. Pak, se viv pwojè lavi a nan tout jan n viv youn ak lòt. Kò nou yo tou fèt pou lavi, paske Lespri Bondye abite anndan n. Si Bondye se Bondye pèp Ayisyen, se paske pèp Ayisyen an ap lite pou genyen lavi.

- Lè pwofèt Ezekeyèl t ap pale, pèp la te an egzil. Li pèdi lafas devan tout lòt nasyon. Li vin sanble yon jaden plen ak vye zosman oswa yon tonm ki sere kadav sèlman. Pwofèt Ezekeyèl deja wè kisa pèp la ap devni gras ak moun ki kenbe lafwa yo, sa k viv selon espwa yo genyen nan Bondye, sa k gen renmen pou moun toutbon vre. Gras ak fidelite yon ti gwoup moun anndan pèp la Lespri Bondye ap fè mèvèy sa a. Nou kapab li moso Labib la ak anpil atansyon. Jodi a, pèp nou an sanble yon jaden ak zosman ak eskelèt ki parèt san yo pa gen lavi nan yo. Nou kwè nan Lespri Bondye a epi nou patisipe pou n reyalize lavi pou pèp nou an ak tout fòs lafwa ba nou.
- Nan non lafwa nou, ki yon kado Bondye, nou dwe fè yon chwa toutbon pou lavi vanse epi pou l triyonfe. Lafwa nou nan lavi toutbon an parèt nan jan nou pran lavi sa a Bondye konfye n nan oserye. Bondye Kreyatè a mete n jeran lakreyasyon an. Lè nou patisipe e nou pran reskonsablite n kòm sa dwa, n ap rekonèt prezans Kris nan tout sa k egziste, menm jan ak Mat.

Nou dwe pwoteje lavi : konbat lamizè ki pa fèt pou moun, travay pou gen travay ak bonjan swen lasante pou tout moun. Nou fèt pou respekte lavi. Lè n montre respè pou plant yo ak bèt yo, nou grandi respè n pou lavi moun tou. Jodi a nou medite sou sans aktivite ekonomik nou yo genyen, lè n sèvi ak talan nou yo pou kreye lavi pou frè ak sè n yo.

Ki jan ekonomi an ye nan peyi d Ayiti ? Ki kalite ekonomi nou genyen ? Yon ti ponyen moun kontwole pi fò mwayen peyi a genyen. Pi fò moun ap viv nan kras. Gwo distans ant rich ak pòv separe popilasyon an. Tout sa se konsekans ekonomi kolonyal la ki pa t gen konsiderasyon pou moun, epi ekonomi kapitalis la kote lajan gen plis valè pase moun. Ekonomi nou se egoyis ki dirije l. Li pa bay travayè yo, medam yo ak sa k fèb yo valè.

Legliz ap esplike n, se nan travay li yon moun montre li kreyatè ansanm ak Bondye. Nan aktivite ekonomik yo nou tounen jeran tè Bondye konfye nou an. Ekonomi se yon chimen pou moun vin moun pi plis, epi pou n antre nan lavi Bondye ki renmen.

Nou fèt pou lavi. Batèm nou deja fè n fè youn nan kò Jezi ki leve a. Lafwa n nan Jezi dwe make tout reyalite lavi a ak tout relasyon yo ... lavi sosyal, politik ak ekonomik ladan l tou. Yo tout dwe pote mak Lavi n ap chèche a nan Jezi ki leve vivan.

***Pou travay ak gwoup, jèn ak nan lekòl  
Sou ekonomik ak travay moun***

***Ki sa ekonomi ye menm ?***

Ekonomi se tout aktivite moun ap fè pou satisfè tout kalite bezwen lavi a mete devan l, tankou manje, distrè tèt li, al lekòl, al lopital lè l malad ... tout sa moun nap fè pou satisfè bezwen lavi yo genyen yon aspè ekonomik ladan l. Nan mo ekonomi gen « kay » ladan l : ekonòm nan jere kay la. An jeneral, yo konsidere twa (3) kategori aktivite ekonomik : pwodui byen ak sèvis, fè echanj byen ak sèvis (achte ak vann) epi konsome oubyen itilize byen ak sèvis yo. Konsa nou wè se yon bagay ki antre nan tout lavi a nèt ak tout sa moun yo ap fè. Pafwa moun yo panse « fè ekonomi » se mete yon ti lajan sou kote, men ekonomi se pi plis pase sa. Ekonomi kreye relasyon nan mitan moun : gen moun ki pwodui, gen moun ki vann, gen sa k bay travay, gen sa k mete travay li nan sèvis lòt pou lajan, tout moun blije achte paske nou manje, nou vle li yon jounal, koute radyo, kominike nan telefòn, el.

*Chèche byen konprann sa ekonomi vle di, pou n wè klè ki jan se kalite ekonomi nou genyen k ap di tou ki kalite sosyete nou genyen.*

Nou viv nan yon ekonomi yo rele ekonomi mache ak ekonomi kapitalis, kote lajan gen yon gwo plas. Fè lajan motive anpil moun nan sa y ap fè, epi se moun ki gen plis richès ki jwenn plis konsiderasyon nan sosyete a. Konsa, sosyete nou an egoyis anpil, epi distans ant rich ak pòv vin anpil. *Gade pwovèb nou yo, n a dekouvri se pa jodi a sèlman bagay la konsa.*




Gen moun nan peyi a k ap travay di pou reyalize lavi yo. Men anpil moun, sitou jèn, pa jwenn travay oubyen travay la pa pèmèt yo viv. Byen peyi a mal separe. 5% popilasyon an kontwole 80% nan tout mwayen peyi a genyen. 60% nan popilasyon an pa rive nan 2 dola US pou viv chak jou; epi mwatye nan yo menm pa rive nan 1 dola (90 goud). Konsa nou wè pa kab gen lapè sosyal nan peyi a. Sa se pou jan moun ap viv antre yo; men tou genyen pakèt kesyon sou anviwònman peyi a ak sou jan politik la jere sosyete nou an.

Moun pa la pou viv nan lènmi youn ak lòt, men pou byen viv ak lòt moun parèy li yo, sa vle di pou genyen amoni nan relasyon yo ak tout sa k egziste, ak lòt moun ak Bondye tou. Se sa pou n chèche; se sa pou rive jwenn lè gen amoni nan mitan moun epi ak sa k viwonnen nou.

Ak travay li, moun patisipe nan travay kreyasyon Bondye ap mennen. Sa se moso nan diyite nou genyen kòm moun. Pap Benwa 16 (nan yon gwo dokiman *Caritas in Veritate, CV, Renmen nan Verite*) te mande pou **solidarite** antre anndan aktivite ekonomi an, kòm prensip pou òganize sosyete a. Konsa, solidarite se pa yon vag santiman charite, men se yon prensip pou òganize ekonomi yon peyi. Si n vle gen yon devlopman ekonomik totalkapital, fòk gen solidarite ladan l.

Solidarite dwe antre nan jan n wè epi òganize ekonomi peyi yo. Men ki jan sa kab fèt: Kounye a, nan lide anpil moun, ekonomi se fè benefis pou ranmase lajan. Men gen yon kalite ekonomi kote valè yo genyen anpil enpòtans:



- Ekonomi solidè,
- Koperativ,
- Mikwo-kredi,
- Komès ekitab, kote yo rekonèt valè travay moun genyen.

Epitou, dwe genyen solidarite nan jan yo òganize sèvis sosyal yo anndan yon peyi, pou sa k genyen pi plis bay pou sa k pi pòv yo tou jwenn sa yo bezwen.

Toujou dwe genyen jistis nan kesyon salè ak reminerasyon ;

Dwe genyen lwa ki pwoteje travayè ; se pa sèl aksyonè ak moun ki gen lajan ki enpòtan. Travayè yo kab gen dizon pa yo nan jan antrepriz yo mache.

- Toujou, dwe genyen sèvis ak politik sosyal ki nan avantaj sa k sou kote yo.

Plis toujou : ekonomi dwe dirab, li dwe konsidere tout lakreyasyon an. Nou dwe byen jere resous latè a genyen. Ekonomi an dwe ekolojik. Men ki jan sa kab fèt :

- Mennen aktivite ekonomik yo, epi mennen yon mòd lavi kote pa gen gaspiyay resous yo ;
- Fè resiklaj, re-italize bagay yo, olye nou jete yo ... ;
- Sèvi ak enèji k ap renouvle tèt li, tankou enèji solèy, ... ;
- Evite sèvi ak plastik pou jete l touswit annapre, paske plastik yo pa disparèt fasil ;
- El. *Bay lòt lide toujou ...*

Pèp natifnatal yo an Amerik Latin ap chèche lavi an kantite, epi yo rele l: **viv byen (bien vivir)**. Sa vle di : viv an amoni ak tèt ou, ak lanati, ak lòt moun, ak Bondye, an menm tan gen bon kominikasyon pami tout sa k egziste, pa gen sa k mete sou kote, pa gen sa y ap mete sou kote, kote yo kapab reyalize yon lavi an plen pou tout moun.

Lavi pote mak fabrik sa yo : tout bagay mare ansanm, gen amoni nan relasyon yo ant dlo, latè, lanati, lavi kominote a ak lakilti, Bondye ak tout fòs esprityèl yo.

Byen viv la sipoze pou n **santi n byen (buen hacer)**, epi pou konprann plas santral relasyon yo ki depase sa n wè ant moun ak lakreyasyon. Tout sa make fanmi yo, kominote a ak jan n sèvi ak sa lakreyasyon ofri n ...

*Dapre Konklizyon  
Sinòd sou Amazoni, n. 9*

Nou dwe òganize ekonomi an yon fason pou tout moun kapab viv ak diyite, kote k gen respè pou lakreyasyon an ak pou moun k ap vini pi devan yo. Se sa yo rele pratike « jistis ekonomik » la.

*Yon ti degi*

An n reflechi yon ti moman sou 4 atitud sa yo

Yon moun ki pratike jistis legal la di :	Sa k pou mwen, li pou mwen ; Sa k pou ou, li pou ou.
Yon moun ki renmen toutbon ap di :	Sa k pou mwen, li pou ou ; Sa k pou ou, li pou mwen.
Yon moun egoyis, ki wè tèt li sèl ap di :	Sa k pou ou, li pou mwen Sa k pou mwen, li pou mwen.
Yon moun ki plen jenewozite ak anvè pataje ap di :	Sa k pou mwen li pou ou ; Sa k pou ou, li pou ou.

*Analize 4 konpòtman sa yo.*

*Eske nou wè sa nan lavi sosyete a ? Ki kote n wè 4 konpòtman sa yo nan lavi politik, ekonomik, sosyal, ... Chèche egzanp.*

*Kilès nan yo ki fè peyi a vanse ? Pou kisa?*

Nou kapab li dènye pawòl sa a nan dokiman Pap Franswa te ekri, *Evangelii Gaudium* (EG - *Kè Kontan Levanjil la*) epi kalkile byen sou li.

*« Jodi a nou dwe di non ak yon ekonomi ki mete moun sou kote epi ki kreye gwo divizyon anndan sosyete a. Yon ekonomi konsa ap touye moun. Nou pa kapab asepte y ap jete manje, an menm tan gen moun k ap mouri grangou.*

*Jounen jodi a tout bagay antre nan jwèt konpetisyon an ak règjwèt sa k pi fò a, kote moun ki pi fò ap manje sa k pi fèb la. Konsekans sityasyon sa a, se*

*pakèt moun ki sou kote, ki pa ladan l : yo pa gen travay, yo pa wè anyen devan yo, yo pa wè ki jan y ap soti nan sitiyasyon yo ye a. Moun nan menm tankou yon bagay ou ka sèvi ak li, epi ou voye l jete. Nou antre nan yon kilti « dechè », epi y ap gaye pi plis toujou. Sa se yon bagay ki nouvo : yon moun ki sou kote, toujou anndan sosyete a kote l ap viv la, menm si l sou kote ; moun ki pa ladan l, yo menm pa esplwate yo, se dechè yo ye, tankou fatra. » (EG, n. 53)*

Youn nan kòz sitiyasyon sa a, se relasyon nou etabli ak lajan an, paske nou asepte san kè sote jan l ap dominan ni noumenm ni sosyete nou yo. ... (EG, n. 55)

Benefis yon ti gwoup ap reyalize ap vin pi plis ak yon vitès ou pa ta kwè ; tandiske majorite moun toujou pi lwen ak sa ti gwoup sila a ap jwi. Dezekilib sa a, se konsekans yon seri ideyoloji (mòd panse) k ap defann yon mache ekonomik ki libelibè, epitou, jwe ak lajan pou fè lajan. Se sa k fè yo jete byen lwen lide yon Leta ki gen dwa kontwòle, menm si se limenm ki gen misyon pou veye sou sa k nan enterè tout moun. (EG, n. 56)

Dèyè konpòtman sa yo, gen sa yo kache : yo refize etik, epi yo refize asepte Bondye. ... Etik la fè n sonje Bondye k ap tann yon repons nan men n, yon repons ki egzijan, men ou pa kab machande l. (EG, n. 57)

Jodi a, tout kote moun ap mande pi plis sekirite. Men, toutotan yo pa elimine zafè mete moun sou kote sa a ak gwo distans sosyal ant moun yo, nan mitan moun anndan yon sosyete ak nan mitan pèp yo, li pa p posibil pou rezoud kesyon vyolans la. (EG, n. 59)

*Ki konklizyon nou kapab tire nan pawòl sa yo pou sa k pase nan pwòp peyi n ?*

Solidarite, konpasyon ak non vyolans nan lavi politik ak ekonomik:  
Gen valè etik ou moral, nou abitye pran pou yon bagay pèsònèl, men lè n gade yo byen, yo enpòtan pou tout sosyete a.

**Solidarite**, pou anpil moun, li sanble ak yon santiman lacharite : ou nan pwoblèm, mwen solidè ak ou, epi mwen ba ou yon èd.

Nan ansèyman sosyal legliz la, yo fè n konnen, solidarite se yon prensip oswa yon gid pou òganize sosyete a. Paske gen solidarite sosyal gen gwoupman oubyen sendika k ap defann enterè travayè. Paske gen solidarite gen sa n rele jodi a koperativ, ekonomi solidè ak kès epay. Paske gen solidarite sosyal gen sèvis piblik nan Leta kote sa k pi rich peye pi plis taks pou òganize sèvis piblik pou sa k pi plis nan bezwen. Yo rele sa Leta prevwayans (Leta ki prewa) ki òganize lopital kote tout moun kapab jwenn swen, gen lekòl fondamantal gratis kòm yon dwa pou chak timoun.



## JILAP, 50 lane batay nan sèvis Diyite ak Dwa Moun

Sou Dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo

Depi li egziste, JILAP mete devan je l : « Tout dwa se pou tout moun ». Men lè n gade, se dwa sivil ak politik yo ki jwenn pi gwo pwoteksyon lalwa nan sosyete nou an ki chita sou avansman chak moun, sitou sa k pi fò yo ak sa k gen pi plis mwayen nan men yo. Pyès moun pa gen dwa pran sa k pou mwen, lalwa dwe pwoteje m kont lòt la ki kab nwi m. Se konsa anpil moun pale. Men lè m pa gen kay, m ap dòmi nan lari, menm si m gen dwa tankou tout moun pou rete nan yon kay ki kòrèk, ki sa k kab fèt ?

Dwa ekonomik ak sosyal yo mande pi gwo *mobilizasyon ansanm*. Yo mande yon Leta ki veyatif, yo mande yon gouvènman alatèt peyi a ki planifye satisfaksyon dwa sa yo ak tout kalite politik piblik, epi dwe genyen yon palman ki vote lwa ki mete mwayen deyò nan bidjè Leta a pou sa kab fèt. Se responsablite tout sitwayen ak sitwayèn yo ansanm pou yon gouvènman ak palman konsa rive alatèt peyi a.

- Nan Fòmasyon li fè sou *Ekonomi ak dwa moun nan peyi d Ayiti*, JILAP klarifye pwen sa yo. Yo te òganize yon gwo sesyon sou sa nan lane 2002, nan 120 pawas kote k te genyen yon komisyon lokal nan moman an.
- Ansèyman Sosyal Legliz la tou gen yon seri prensip ladan l ki itil pou defann dwa sosyal ak ekonomik yo:
  - Pa gen pwopriyete prive ki absoli, ki gen dènye pawòl : tout pwopriyete prive anba yon potèk sosyal.
  - Tout sa Bondye kreye, se pou tout moun kapab viv.
  - Moun pa kapab esplwate richès latè yon fason egoyis san gade dèyè; nou se gadyen lakreyasyon Bondye a, nou pa mèl li.
- Toujou, JILAP, kòm òganizasyon k ap defann dwa moun nan non Legliz la, mennen aksyon anfavè dwa ekonomik ak sosyal yo. Konsa, JILAP te patisipe nan kanpay pou palman an te ratifye *Konvansyon sou Dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo*. Sa sete nan lane 2012-2013.

*Sizyèm dimanch tan Karèm*  
*Dimanch Ramo*  
*5 avril 2020*  
*Jounen mondyal jèn yo*

## *Devlòpman total kapital moun, se Lavi nan Jezikri*

**Jezi se Moun Nouvo a**

Matye 21,1-11 : Wa ou la ap vin jwenn ou. Li dou. Se sou yon bourik li monte.  
Izayi 50,4-7 : Chak maten, Pawòl la leve m ... pou m koute l tankou yon elèv.  
Filipyen 2,6-11 : Bondye leve l anlè, pi wo pase tout bagay.  
Matye 26,14 rive 27,66 : Li fè nwa sou tout tè a ... Solèy la disparèt. « Nèg sa a se Pitit Bondye sèten. »

### *Kèk lide pou litiji a*

**Pwopozisyon pou tèm nan**

Jezikri se Sèvitè Bondye a. Otorite l se sèvis. Sèvitè a pa chèche pwòp enterè l, men sa k nan enterè tout moun, sa k bon pou tout moun, sa k fè tout moun jwi diyite yo. Jezi bay lavi l pandan l pran defans lavi pèp li a. Respekte diyite moun se respekte lavi moun. Depi jodi a ak chak jou nan Semèn sent lan, n ap medite chimen Jezi te pran an.

Gwo valè moral yo Jezi t ap viv epi li mete devan n, nou dwe konprann yo byen si n vle swiv li tankou disip li, pou n kapab misyonè li tou. Men ki gwo valè moral ak etik nou kapab dekouvri nan lavi Jezi: chèche sa k bon pou tout moun, pwoteje lavi tout moun, chwa pou moun pòv ak sa k sou kote yo, imilite ak sèvis ki nannan otorite l, radikalite ki vle di: ale nan rasin sa k bon ak sa k kòrèk la. Se tout sa nou wè nan chimen lakwa Jezi mache nan Semèn sent la pou rive nan Fèt Pak la.

Batay nou se pou n kab konnen epi swiv Jezikri jodi a. Libète larelijyon, konnen laverite sou Jezikri, grandi lafwa nan Jezikri ki leve vivan, epi reponn gwo kesyon moun genyen sou sans lavi a pèmèt nou grandi kòm moun nan Lavi Bondye a.



Senbòl pou dimanch Ramo  
a :  
Se ramo oswa branch vèt.  
Branch yo se siy lafwa nou  
ak espwa n nan Lavi a.

### *Konprann pawòl Bondye a*

Ak dimanch Ramo, nou antre nan Semèn sent la, kote nou sonje angajman jis nan bout Jezi te pran pou delivrans ak lavi pèp li a ak lavi tout pèp sou latè. Pou patisipe nan delivrans sila a, nou dwe bliye tèt nou pou lòt yo, menm jan ak Jezi, epi depase laperèz nou yo ki fè n pa rekonèt lòt la tankou frè n ou sè n. Jezi t ap viv pou lòt yo, pou frè ak sè yo. Tout espwa l se nan Bondye li te ye. Li se Moun Nouvo a ki chèche sa k bon pou tout moun, sa k pèmèt tout moun leve tèt yo, sa k bay yo valè annakò ak diyite yo genyen kòm pitit Bondye renmen.

- Legliz la ap swiv levanjil lapasyon (soufrans ak lanmò) Jezi dapre Matye ki sen. Tout levanjil Matye a mete anpil aksan sou enpòtans ak wòl kominote kretyèn nan. Levanjil Matye se sèl levanjil ki sèvi ak pawòl « Legliz la » anndan levanjil la ; sa fè n wè enpòtans kominote a (legliz la) genyen nan levanjil sila a. Kominote Legliz la dwe sanble ak Mèt la ki tounen yon Sèvitè ki bay vi l pou lavi kominote a. Lekti pwofèt Izayi a ede n konprann sa.

Men, an n gade ki jan patizan Jezi yo patisipe nan soufrans Mèt yo a. Nan levanjil Matye, se tout patizan yo ki montre yo fèb. Jida trayi Mèt la poutèt desepsyon ak enterè, epi li vann li pou pri yon esklav. Menm patizan yo ki te temwen Jezi lè li chanje figi sou mòn nan (gade levanjil dezyèm dimanch tan



karèm nan) ap dòmi nan jaden Jètsemani. Yo deja lage batay la (v. 43). Lòt yo kraze rak paske laperèz pran yo. Pyè menm ap di li pa konnen Jezi. Epitou, lè yo envite tout pèp la ki te temwen jès ak pawòl Jezi yo pou rekonèt li pou Mesi (Sila a Bondye sakre a), yo refize fè l.

Kote mesye patizan yo fèb, plizyè medam aji yon fason konsekan epi yo pote patisipasyon yo. Yo gen konprann epi yo pa kite laperèz mennen yo. Depi anvan dènve soupe a, se yon fanm ki montre li konprann kilès ki Jezi ak kisa k ap rive li. Li aji tankou yon pwofèt : li mete lwil santi bon sou tèt li. Jès sa a, se jès pwofèt yo poze pou sakre wa a. Plizyè fi rekonèt Pyè se yon disip Jezi, men Pyè ap nye l. Se yon gwoup fanm Jerizalèm ki sou bò wout la pou manifeste sipò yo. Madanm Pilat menm plede anfavè Jezi (27, 19). Yon gwoup fanm kanpe nan pye lakwa Jezi. Yo t ap swiv li tankou patizan l (27, 55-61). Se kèk fanm toujou ki kontinye ap veye bò kavo a. Se yo k temwen lanmò ak leve Jezi leve byen vivan. Wi, medam yo montre yo pa pè ; yo kanpe djanm.

Patizan yo kanpe lwen. Se yon chèf women etranje ki rekonèt Jezi tankou « pitit Bondye », kòm Mesi a.

Pyè ap rekonèt trayizon li, men li tounen patisipe nan kominote a. Jida rekonèt epi li regrèt konplo li t ap fè a, l al depoze lajan nan tanp lan jan lalwa mande l la, men, li manke fòs pou al rejwenn kominote a.

- Pou fini, nou dwe byen konprann sans soufrans la byen nan batay pou lavi

Ki jan moun yo konprann sa sa vle di swiv Jezi nan peyi d Ayiti ?

Moun yo kwè, yo konn Jezi, epi yo repete non li.

Epoutan, èske yo swiv Jezi kòm disip ak misyonè pou transfòmè sosyete a, pou tout moun respekte lavi ak kò lòt moun, pou tout moun kapab viv ak kè kontan pitit Bondye yo ?

Eskè ekonomis ak antreprenè nou yo gen yon sousi toutbon pou lakreyasyon Bondye a ?

Eske politisyen nou yo ap chèche sa k bon pou tout moun ?

Eske moun ki nan sèvis Leta konprann wòl Leta a genyen pou sèvi sa k pi pòv yo ?

Eske pwofesè nou yo prepare timoun ak jèn yo pou yon peyi ki diferan, kote k pa egoyis ak koripsyon, kote moun konnen sa sa vle di pran responsablite ?

triyonfe. Bondye ki Papa a pa kab pran plezi nan soufrans moun oswa nan soufrans Jezi, Pitit li. Soufrans la montre ki jan reyalyite peche a ak fòs lamò yo kanpe pou detwi lavi. Soufrans Jezi yo, montre nou kalite renmen Bondye genyen pou nou. Se renmen an ki bay Jezi fòs pou l temwen lavi jous nan bout.

**Swiv Jezi, se pran lavi pa l pou modèl lavi pa n ansanm ak chwa li te fè yo : respekte diyite moun, respekte lavi ak tout sa Papa a krewe a, respekte tout sa k bèl ak bon, san pa fè vyolans sou lòt.**

**Jezi geri malad, epi li padonnen peche ; li konbat kote yo mete moun sou kote epi li rasanble yo nan yon sèl kominote ; li chase movèz espri epi li bay kè poze : chak moun ak tout moun nan nèt enpòtan pou li ; li chante bèlte lakreyasyon an, li emèveye devan l.**

**Medam yo ki nan pye lakwa Jezi pa t kite laperèz paralize yo, men yo te pran wòl yo ak kouraj kòm manman lavi sou tè a.**

***Pou travay ak gwoup, jèn ak nan lekòl  
Sou angajman yo kòm jèn***

Nan dokiman *Chistus Vivit, Kris la vivan*, ki bay rezilta Sinòd pou jèn yo ki gen tan fèt nan lane 2018, Pap Franswa ap reflechi sou angajman jèn yo, dapre sa l te tande nan Sinòd la. Pap la rekonèt jèn yo pran angajman, menm kèk angajman sosyal. Men gen plizyè domèn enpòtan pou lavi jodi a, yo kite sou kote. Men ki sa l ekri :

« Jèn yo pafwa fèmen tèt yo nan ti gwoup yo, devan tout vyolans ak egoyis yo wè devan je yo. Yo tonbe nan pyèj pou fèmen tèt yo devan defi lavi sosyete a genyen ladan l, yon mond ki vas, ki envite n [ale pi devan], ki nan bezwen. Yo gen santiman y ap viv bonjan renmen fratènèl la, men gwoup yo a se yon senp ralonj pwòp tèt yo li ye. Sa vin pi grav, lè yo konprann vokasyon layik la tankou yon sèvis anndan Legliz la (fè lekti, anfankè, katechis, el), epi yo bliye vokasyon layik la se sitou pratike lacharite nan fanmiy yo, se lacharite sosyal ak lacharite politik : li dwe yon angajman konkrè ak lafwa, pou konstwi yon nouvo sosyete, preche levanjil la bay

divès enstans li yo, pou fè grandi lapè, byen viv ansanm nan, jistis la, koze dwa moun nan, kè sansib la, e konsa pou fè grandi Rèy Bondye a sou tè sa a. » (n. 68).

« Mwen pwopoze jèn yo pou depase gwoup zanmi yo pou konstwi yon zanmitay sosyal, epi pou chèche sa k bon pou tout moun. Fè lènmi nan domèn sosyal ap detwi ; fè lènmi detwi yon fanmiy ; fè lènmi detwi yon peyi, li detwi tè a. Pi gwo lènmi se lagè. Jounen jodi a nou temwen lagè ap detwi tè a, paske [aktè] yo pa gen kapasite pou chita epi pou pale ansanm. Montre kapasite ou pou kreye *zanmitay sosyal*. ... » (n. 69).

*Nan gwoup la nou kapab gade ki angajman nou chak genyen : nou manm yon koral, yon gwoup, yon angajman nan Legliz ... nonmen gwoup la ak angajman an...*

*Eske gen angajman kote n chèche chanje sosyete a pami yo ? Eske gen jèn k ap travay pou reyalite ekonomik peyi a chanje (sa vle di : ki travay pa pou fè lajan pou tèt yo, men pou rive genyen yon ekonomi pou tout moun) ; èske gen jèn k ap travay pou reyalite politik la chanje (sa vle di : ki pa travay pou gen yon pòs, men pou konstwi peyi a) ; èske gen jèn k ap travay pou anviwònman an pran yon lòt figi, pou sove planèt la ... ?*

*Ki angajman nou pran pou moun aprann respekte lavi lòt ? pou respekte kò lòt moun ? pou gen mwens vyolans ak touye moun nan sosyete a ? ... Nou se pòtrè Bondye, nou se manm kò Kris la, kò moun se tanp Lespri a. Chak nan pawòl sa yo genyen yon sans sosyal dirèk.*

## **JILAP, 50 lane batay nan sèvis Diyite ak Dwa Moun**

Angajman nou pou Jistis ak Lapè, pou gen respè pou tout sa k egziste, se yon fason pou n swiv Jezi ki mouri leve.

Devlopman total kapital la dwe ranfòse relasyon n ak Bondye tou: nou se pòtre Bondye, se li k ba nou lavi, se li k ba nou espwa, yon jou n ap pataje pwòp lavi pa l. Se sa k bay moun anvi viv ; li bay lavi kominote nou yo sans ak direksyon.

Jodi a nou sonje tout moun ki te travay pou Jistis ak Lapè blayi sou tè d Ayiti a. Nou sonje tout moun ki angaje tèt yo pou yon devlopman total kapital nan lapè ak jistis pou tout sa moun ye ak pou chak moun nan peyi a.

Nou sonje pami fondatè nou yo :

Monseyè Emmanuel Constant,

P. Joseph Claessens, P. Joris Ceuppens ak plizyè lòt.

Nou sonje mati yo pou genyen pi plis jistis sosyal, tankou :

P. Jean Marie Vincent, P. Ti Jean Pierre Louis, Ducertain Armand, Luckner Elie  
ak tout manm ki bay vi yo pou peyi a.

Chak ane nan Asanble Jeneral nou yo, nou pran tan pou sonje tout frè ak sè sa yo ki te pase anvan nou epi ki te angaje yo ak espwa yon sosyete nouvo pa lwen rive. Nou site non yo, nou lapriyè pou yo, nou di Bondye mèsi pou sa yo te ye nan mitan n, nou konnen nou fè yon sèl kò ak yo nan Kris ki leve a. Konsa nou pa bliye Andre Vixamar, Mercius Menord, ak anpil lòt ...

Nou sonje Prezidan Komisyon nasyonal la ki asire lyen ak Konferans Evèk yo :

Monseyè Emmanuel Constant, Monseyè Willy Romelus, Monseyè Hubert  
Constant, omi, Monseyè Serge Miot, Monseyè Pierre André Dumas ak  
Son Exc. Chibly Card. Langlois.

Gen Komisyon pawasyal ki sèvi yon bèl limyè pou lòt yo :

Tankou JILAP Digo (Jistis ak Lapè dyosèz Gonayiv) sitou anvan ak pandan ane koudeta yo. Gen pawas ki make oswa ki te make istwa Komisyon an anpil: tankou Chansòl (dyosèz Pòdepè), Verèt (dyosèz Gonayiv), Bwadlorens (dyosèz Fò Libète), Mayisad (dyosèz Hench), Délat ak Ti Gwav, Bizoton, Akayè ak pawas sou zile Lagonav yo (achidyosèz Pòtoprens), Sen Jozèf nan Pemèl (dyosèz Ansavo/Miragwàn), Privilé (dyosèz Jérémie), Aken (dyosèz Okay), Lamontay (Jakmèl), Sen Rafayèl (achidyosèz Okap). San n pa bliye tout lòt yo ...

## ***Semèn Sent***

### **Seremoni pou chanje kè nou**

*Nan okazyon fèt Pak la, Legliz la envite fidèl yo chanje kè yo toutbon. Li envite nou pran konsyans reskonsablite sosyal nou yo pou lavi blayi. Lè n deside rekonsilye, lè n deside konfese, se paske nou rekonèt fot ak mank nou yo, se paske nou pran konsyans pwòp reskonsablite nou genyen devan tout sityasyon lanmò n ap viv.*

**Daprè sa n te reflechi sou yo pandan tan karèm sa a, nou vle kalkile sou angajman n anfavè yon devlopman ki total kapital toutbon pou chak moun ak pou tout sa moun ye nèt.**

***Lekti labib*** (Chwazi youn nan lekti tan karèm yo).

*Nan meditasyon an, nou kapab fè moun yo sonje kèk nan valè sosyal ak etik nou dekouvri nan tan karèm nan. Nou kapab poze kèk kesyon ki ede mare valè sa yo, angajman nou nan sosyete a ak konviksyon lafwa nou yo kòm kretyen. Gen konpòtman ki fè sosyete a anpil mal : tankou koripsyon, endiferans devan pwoblèm sosyete a. Gen peche ekolojik, lè n refize gade domaj n ap fè kreyasyon nou fè pati ladan an. Gen enjistis tout jan, refize wè, mank angajman pou tè a vin bèl. Gen endiferans devan sans lavi nou genyen nan Jezikri ...*

Avni nou, se nan men nou li ye ak fòs Lespri a.

- Nou gen diyite, epi nou reskonsab youn pou lòt.
- Respè pou lavi ak pou kò moun se pi gwo kòmandman nan relasyon n ak lòt moun nan sosyete a.
- Patisipasyon nou pou peyi a vin bèl gen relasyon dirèk ak diyite nou genyen kòm moun.
- Nou dwe tounen yon kominote k ap swiv Jezi ki temwen Lavi a.
- Ki jan nou wè tan n ap viv la ? Eske nou wè prezans Bondye Lavi a nan li ?

### ***Mande padon***

*Anvan fidèl yo avanse pou fè konfesyon yo, nou kapab lapriyè ansanm, ak yon tèks nou jwenn nan Fè sa pou nou sonje mwen, liv A-1.*

*Veye fèt Pak la*  
*Dimanch Fèt Pak la*  
*12 avril 2020*

*Devlòpman total kapital moun,  
se byen viv kòm moun, kòm sosyete ak sa Bondye  
krete ni ak Bondye tou*

*Jezi leve vivan*

Travay Apot yo 10, 34-43 : Nenpòt moun ki kwè nan Li, va jwenn padon.  
Kolòsyen 3, 1-4 ou 1 Korentyen 5, 6-8 : An n fete nan sa ki pwòp ak nan laverite.  
Jan 20, 1-9: Fòk li leve sòti pami mò yo.

*Kèk lide pou litiji a*

Pwojè Bondye nou te medite pandan tout tan karèm nan, se pwojè Lavi pou pèp li a ak pou chak moun sou tè a. «Mwen vini pou yo genyen Lavi, e pou yo genyen l an kantite» (Jan 10, 10). Nan finisman chimen nou te mache a, se pwojè Lavi Bondye sa a nou fete jou fèt Pak la. Pwojè sa a tanmen reyalize nan Legliz nou ak nan kominote nou yo ak tout kote moun kab devlope ak tout sa l ye kòm moun.

Pwojè Bondye a se pou chak moun, epi li anbrase tout sa yon moun ye : relasyon l ak tèt li, ak lakreyasyon Bondye ak Bondye li menm. Tout moun ladan l, pa gen moun sou kote; moun pòv yo se yo k jwenn premye plas la. Li chanje fason nou aji ak lakreyasyon, ak byen latè yo epi ak fason n jere otorite nan mitan moun. Moun ki gen lafwa ap bay Bondye tout plas li merite nan kokennchenn pwojè sa a. Se sa sa vle di : pwomosyon moun nan entegral, li touche tout moun nan nèt. Se sa k yon devlopman total kapital.

Sa se yon Bon Nouvèl ki fè kè tout moun kontan, sitou pou sa k pi fèb yo, pòv yo, sa k sou kote yo. Se sa nou medite epi fete Jou fèt Pak la.

**Yon senbòl pou dimanch Pak la :**

**Nou kapab reprann senbòl ki te sèvi pandan tan karèm nan, oswa nou kapab sèvi ak youn nan yo pou montre ki jan lavi Pitit Bondye yo, se lavi pou tout sa Bondye kreye.**

**Nou toujou ap sèvi ak dlo ak limyè lè n renouvle pwomès batèm yo.**

**Angajman batèm nou fè n gade tou ki patisipasyon nou dwe bay nan lavi sosyete a.**

### ***Konprann Pawòl Bondye a***

Tout mesaj fèt Pak la santr sou reyalite Lavi tounèf la. Yon Lavi k ap anvayi epi k ap transfòme lavi nou sou tè a, epi lanmò pa janm kapab detwi l. Nan Jezi ki leve a, nou jwenn sans lavi n ap chèche a. Nou fèt pou lavi. Se Bondye ki ofri n chimen Lavi tounèf sa a.

Nou reponn sou Lavi tounèf sa a ak lafwa.

« Wete vye leven an » : Retire sa k bay yon gou anmè nan ou menm. « Chèche sa k anwo a » : Mennen yon lavi ki dakò ak sans lavi n ap chèche a.

Pandan tan karèm nan nou t ap gade sa k fè lavi n pran tout sans la pou Peyi kote Bondye Wa a.

Nou t ap chèche vrè valè yo ki bay lavi n tout sans li genyen.

Lavi pou tèt nou

Lavi nan fanmi ak kominote nou yo

Lavi peyi n : nan divès domèn sosyete a : politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl

Lavi ki nan bon relasyon respè ak tout sa Bondye kreye

Lavi ak Bondye, paske se li k Mèt tout lavi.

Mesaj Jezi ki leve transfòme lavi a nèt nan tout dimansyon l genyen. Li fè n viv nan laverite ak tèt nou, ak lòt ni ak Bondye.

Apot Pòl di n pou n kite dèyè tout sa k vyeyi n ; vye ledven an, pou n kapab viv pou sa k anwo.

Tout lavi gen yon dimansyon Peyi kote Bondye Wa a ladan l. Se nan jan n ap viv nou prepare lavi nou espere nan Jezikri ki leve vivan an.

Tout sa k bay lavi n valè, ki fè l vin pi bèl, pi kòrèk.  
Bondye – se konsa Pyè pale – pa gade sou figi moun. Li dakò ak tout sa ki respektè l, e ki fè sa ki drèt.

Tout sa n ye kòm moun, se kado Bondye. Konpetans ak talan nou yo. Nou sèvi ak yo pou tè a kapab bèl.  
Konpetans yo dwe mache ak yon konsyans moral oswa etik ki kòrèk.

- Pandan tout tan karèm nan, nou te gade ki jan nou kapab patisipe pou fè lavi jèmen nan mitan nou ak anndan tout sa Bondye kreye, pou sosyete nou an kapab tounen avangou Peyi kote Bondye Wa a. Nou te gade lavi tankou yon kado nou resevwa, men tou, nou dekouvri Lavi tankou yon misyon.

Men kisa Lavi mande :

- Respè pou lavi chak moun ;
- Respè pou diyite chak moun ak chanjman ki nesèsè nan kilti n ;
- Tout moun se moun, tout moun egalego ant yo menm, tout moun se frè ak sè paske Bondye se Papa nou tout ;
- Pa dwe gen manti, bèl aparans ak mawonaj nan mitan moun, men verite ak transparans ;
- Pataj kote richès tè a sèvi pou lòt tou : pa dwe gen gaspiyay ; tout lakreasyon montre renmen Bondye a e merite tout respè bò kote n ;
- Talan ak konpetans mwen yo dwe nan sèvis kominote a ;
- Kaba laperèz, epi travay pou relasyon ki chita sou konfyans ;
- Konsyans kote n koute Lespri Bondye ki anndan n : pou reyalize sa k bon pou lòt la, pa sèl nan avantaj pèsònèl mwen.
- Bondye Lavi a gen plas li merite kòm Papa a ki rasanble tout pitit li yo nan Jezikri ki leve a.

**Ki jan sa ye nan peyi d Ayiti?**

**Anpil chimen dwe fèt toujou pou tout moun tande Levanjil la tankou yon mesaj respè pou lavi ak kò chak moun, yon mesaj k ap libere tout moun nan tout kalite esklavaj, pou yo kab leve tèt yo kòm yon pitit Bondye renmen e ki konsa montre lafwa yo nan Jezikri ki leve vivan.**



*Pou travay ak gwoup, jèn ak nan lekòl  
Devlopman total kapital  
Chak moun ak tout moun nan nèt*

**Men ki sa devlopman total kapital la genyen ladan l:**

- **Devlopman total kapital se pa yon kesyon ekonomik ase, menm si ekonomi an enpòtan pou moun k ap bouske lavi.**
- **Devlopman total kapital touche kondisyon materyèl lavi moun ap mennen an, men tou relasyon chak moun genyen ak tout lòt yo, ak tèt li ni ak Bondye tou.**
- **Devlopman total kapital la, anvan tout lòt bagay, se yon kalite lavi nan jistis, verite ak patisipasyon.**
- **Devlopman total kapital egzije pou n gade lavi fanmi nou yo, ak ki kalite edikasyon y ap bay lakay ak nan lekòl.**
- **Li gade lavi politik, ekonomik ak sosyal peyi nou, ni relasyon n ak Bondye tou.**
- **Li gade kò n, kè n ak lespri n ... tout san n ye nèt.**

**Nan plizyè peyi an Amerik Latin, yo devlope yon reyalite “Byen viv” la (*Nou kapab reprann sa k ekri nan paj 40 sou Sinòd pou Amazoni a*).**

Ki sa yo vle di ak sa?

Lòt relasyon moun ak moun

Yon lòt kalite ekonomi ki pa chita sou « tout bagay se pou mwen » ak egoyis

Tout moun kapab viv

Bon relasyon ak tèt nou


Amoni ak tout sa k egziste

Ouvèti pou Bondye Lavi a.

## JILAP, 50 lane konba nan sèvis Diyite ak Dwa Moun

JILAP pale sou « lapè total », ki egzije pou n evalye kalite lavi n ap mennen nan mitan tout sikonstans nou travèse yo k ap chanje toutan. Lapè se lavi : chak jou nou dwe travay pou li.

Men ki jan JILAP te reprezante sa nan fòmasyon li te fè sou Bati Lapè. *N ap ajoute nan tablo a sa n wè ki manke ladan l pou lapè total kapital toutbon vre, jan n te dekouvri l nan tan karèm nan ... :*



Nan travay pou pwomosyon moun, Jilap sansib anpil pou sa k viktim ak sa k sou kote yo. Konsa, Jilap ap denonse kote yo pa respekte lavi moun ak dwa l genyen yo. Moun toujou an kominote ak lòt, konsa se paske tout moun fè devwa l, tout moun kapab jwi dwa l. Yon fanm filozòf, Simone Weil, te di : “Pa gen dwa, se sèl devwa ki genyen”: Si tout moun respekte lavi lòt, tout moun ap viv an sekirite.

Fòmasyon pou Lapè, Komisyon an te òganize l ant 2004 ak 2010 nan tout pawas yo nan peyi a. An total, atravè diferan pwogram ak kolaborasyon, ak konkou plizyè dizèn fòmasyon, yo òganize plis pase 800 sesyon *Bati Lapè* atravè peyi a. Plis pase 25.000 patisipan benefisyè fòmasyon an. JILAP montre anpil moun jere pwòp konfli yo depi se pa yon krim ki mande pou Leta gen dizon l ladan l. Konsa JILAP bay konkou l pou gen plis lapè nan kominote lokal yo atravè peyi a.

- ✓ Chak 3 mwa, JILAP pibliye yon rapò sou mank respè pou lavi ki genyen nan zòn metwopolitèn nan. Li envite sitwayen ak sitwayèn yo denonse vyolans nèg ak zam yo, mank volonte politik lakay otorite nou yo ak mank sans responsablite bò kote majistra yo ki nan Lajistis peyi a. Jilap gen tan pibliye 73 rapò trimestriyèl sou sa ; gen dyosèz ki tanmen fè menm travay lakay yo tankou Pòdepè, Hench ak Ansavo/Miragwàn. Wi, lavi moun sakre, se yon kado Bondye. Chak moun dwe respekte lavi tout lòt yo.
- ✓ Manm JILAP ap vizite prizon yo, epi li bay asistans jidisyè administratif pou sa k nan detansyon pwolonje, san jijman. Li adrese lèt bay otorite yo pou denonse tout lantè ak vyolasyon dwa moun Lajistis.

*Nan lane 2019, manm JILAP yo te reyalize 61 vizit nan 20 prizon yo ki genyen atravè peyi a. Plizyè komisyon pawasyal vizite gadavi yo ki lakay yo. Rezo komisyon an akonpaye 161 moun ki te nan detansyon. Li ekri otorite pou denonse move kondisyon lavi moun nan prizon, paske Leta manke mete lajan pou yo nan bidjè li. Chak lane JILAP ede yon santèn moun jwenn liberasyon yo grasa diferan kalite entèvansyon li yo.*

Plis travay merite fèt pou lavi detni ak prizonye konfòm ak diyite chak moun genyen, menm si l koupab yon move zak. **Chak fidèl nan Legliz kapab bay yon koutmen pou sa fèt ...**

*Ti degi*


*Istwa Demetriyo*

*Demetriyo, sete you mwàn. You jou li reseuwa you lòd ki te fè l kontan. Li te dwe al rankontre ak Bondye, lòt bò mòn nan kote l t ap viu la.*

*Mwàn nan tanmen mache. Mòn nan rèd. Nan mitan uwayaj la li kontre ak you moun ki blese, epi ki mande l pou l ede l. Mwàn nan, san l menm pa ralanti mach la, esplike mesye a li pa kapab rete paske Bondye menm ap tann li lòt kote somè mòn nan. Epi, li pwomèt li l ap vin sou li apre l fin kontre ak Bondye. Konsa, li kontinye uwayaj la, prese prese.*

*Plizyè èdtan apre sa, lè solèy la te vin tou cho byen wo nan syèl la, Demetriyo rive anwo sou tèt mòn nan, epi ak je l li tanmen chèche ki kote Bondye ye.*

*Men Bondye pa t la. Bondye te deplase pou al ede nèg blese a li te kontre plizyè èdtan anvan sa. Gen menm moun ki di : nèg blese a sete Bondye menm ki t ap mande l pou l te ede l.*



Emayis

## Dènnye refleksyon

### An n koute istwa Kreyasyon tounèf la

Bondye te wè tout nasyon ak ras yo sou Latè a, ras nwa, blan, moun pòv, rich, moun soti nan Nò, nan Sid, nan Lès ak nan Lwès ak tout kredo yo genyen, rive nan Gran kay tout Nasyon yo pou yo chita ansanm pou panse ak etidye kouman yo kapab bay swen ak rezoud pwoblèm Latè a ak tout moun k ap viv sou Latè a genyen.

Bondye di: Sa bon. Se te premye jou **Tè Nouvo a**.

Bondye te wè sòlda lapè yo te kanpe nan mitan de (2) pati k ap goumen pou yo kapab rezoud konfli gras ak negosyasyon san zam, pou yo kanpe sou «sa k bon pou tout moun».

Bondye di: Sa bon! Se te dezyèm jou **Planèt Lapè a**.

Bondye te wè tout moun renmen Kreyasyon an antye, zetwal yo ak solèy la, jou ak nwit yo, lè ak lanmè yo, tè ak dlo yo, pwason ak zwazo yo, flè ak zèb yo, ak tout frè ak sè yo nèt.

Bondye di: Sa bon! Se te twazyèm jou **Planèt Kè Kontan an**.

Bondye te wè tout moun sòti anba grangou, maladi, inyorans ak soufrans toupatou sou tè a pandan yo fè tout moun ak timoun gen sa yo bezwen, san pa gen gwo je ni moun ki ranmase twòp richès.

Bondye di: Sa bon! Se te katyèm jou **Planèt Jistis la**.

Bondye te wè tout moun viv nan bon amoni ak planèt la epi nan lapè youn ak lòt pandan yo gen sajès pou regle resous yo, san yo pa fè gaspiyaj ni eksè, san awogans, ògèy, gwo je, rayisans oubyen divizyon. Yo viv ak imilite ak konfyans youn nan lòt.

Bondye di: Sa bon! Se te senkyèm jou **Planèt ki tankou Lò a**.

Bondye te wè moun detwi zam, bonb, batiman ak avyon lagè yo. Yo fèmen tout baz militè yo, pou yo fini ak lagè pandan yo kenbe tout bon lapolis pou sèvi ak pwoteje bon moun kont moun ki vle fè mal yo.

Bondye di: Sa bon! Se te sizyèm jou **Planèt Bon Konprann nan.**

Bondye te wè ras moun nan mete Bondye ak moun, nan premyè plas tankou pi gwo priyorite, tankou Alfa ak Omega. Epi, yo mete tout enstitisyon yo, politik la, ak gouvènman an tankou sèvitè Bondye ak pèp yo. Yo adopte règjwèt ki « pi gwo a », ki se: « N ap renmen Granmèt Bondye ak tout kè n, ak tout nanm, ak tout lespri n, ak fòs nou, epi n ap renmen youn lòt tankou nou renmen pwòp tèt nou. Pa gen lòt règjwèt ki pi wo pase sa. »

Bondye di: Sa bon! Se te setyèm jou **Planèt Bondye a.**

*(Se Robert Muller ki ekri tèks sa a. Sous: Lapè Gaye # 16)*

## Men ki sa n ap jwenn nan dokiman sa a

Yon ti mo pou louvri pòt Karèm 2020 la .....	3
<b>Premye dimanch tan Karèm, 1 mas 2020</b> <b>Devlopman total kapital, se vokasyon n kòm moun</b> <b>Jezi anba tantasyon</b> .....	5
Jounen Nasyonal Jistis ak Lapè Jounen Entènasyonal Dwa Fanm .....	12
<b>Dezyèm dimanch tan Karèm, 8 mas 2020</b> <b>Devlopman total kapital, se yon konba pou n mennen</b> <b>Figi Jezi klere</b> .....	13
<b>Twazyèm dimanch tan Karèm, 15 mas 2020</b> <b>Devlopman total kapital, se bon relasyon ak tout sa Bondye kreye</b> <b>Jezi se Dlo ki bay Lavi a</b> .....	20
<b>Katriyèm dimanch tan Karèm, 22 mas 2020 : Dimanch Kè Kontan</b> <b>Devlopman total kapital, se bon relasyon politik nan sosyete a</b> <b>Jezi se Limyè Tè a</b> .....	28
25 mas 2019 : <b>Fèt Manman Mari</b> nan tan Karèm	
<b>Senkyèm dimanch tan Karèm, 29 mas 2020</b> <b>Devlopman total kapital, se reyalize yon ekonami pou lavi</b> <b>Jezi se Lavi a</b> .....	35
<b>Sizyèm dimanch tan Karèm, 5 avril 2020 : Dimanch Ramo</b> <b>Devlopman total kapital moun, se Lavi nan Jezikri</b> <b>Jezi se Moun Nouvo a</b> .....	45
Semèn Sent - Seremoni pou chanje kè nou .....	51
<b>Dimanch Fet Pak 2019, 12 avril 2020</b> <b>Devlopman total kapital moun, se byen viv kòm moun, kòm sosyete</b> <b>ak sa Bondye kreye ni ak Bondye tou</b> <b>Jezi leve vivan</b> .....	52
As n koute istwa Kreyasyon tounes la .....	58